

Twa Sòt De Kwayan Yo

63-1124E

BRANHAM TABÈNAK, JEFFERSONVILLE, INDIANA, EТАZINI

1 Ann bese tèt nou. Avèk tèt nou bese, ak kè nou, mwen mande konbyen moun ki ta renmen yo sonje yo nan lapriyè, nou va jis leve men nou, epi di: "Seyè, sonje mwen, O Seyè." Genyen anpil rekèt isit la, mouchwa yo ki depoze sou chè a.

2 Chè Papa nou ki nan Syèl la, nou reyini ankò aswè a anba do kay sa a, kote Ou rankontre nou anpil fwa, epi Ou eksprime lanmou Ou pou nou; pandan n ap eseye nan fason enb nou yo pou nou eksprime lanmou nou ak rekonesans nou anvè Ou, pou sa Ou fè pou nou. E aswè a nou vini ankò, Seyè, kòm yon pèp ki nan nesesite, paske nou toujou bezwen Ou. Epi toutotan nou la sou tè a, nou konnen sa pral toujou kri pa nou, paske nou nan yon batay. Epi nou ap...Batay la ap fè raj, epi Ou te pwomèt epi Ou te di ki jan lènmi an pral tankou yon lyon k ap gwonde. Li lage nan mitan pèp la, epi nou ka wè li toupatou, tankou yon lyon k ap gwonde k ap devore sa l kapab, paske li konnen tan li kout. Men, nou gen—nou gen yon—yon Papa ki pran swen timoun Li yo, e nou kouri vin jwenn Ou ak rekèt nou yo, aswè a, Seyè. Nou priye pou W egzose yo.

3 E mouchwa sa yo ke yo depoze isit la, Papa, vle di gen moun ki malad yon kote nan peyi a, epi k ap rele W e ki bezwen W, e ki kwè nan Ou, pou egzèse lafwa yo isit la pou voye mouchwa sa yo. Bondye, fè yo chak geri.

4 Nou wè gran pwisans Ou, Seyè, jis kèk moman de sa nan chanm sa a, ki retabli memwa pafè a nan yon ti gason ki te pèdi. Nou wè gwo pouvwa Ou, tan apre tan, ki deplase maladi epi ki revele sekrè nan kè, epi ki montre moun yo, epi mete yo egzakteman nan lòd. Nou di W mèsi, Seyè Bondye, paske sa depase nenpòt moun. Sa a pi lwen pase tout bagay ke nenpòt

nan nou ta konnen, ki jan Ou ka revele kòz la menm, ak kisa li te fè, e ki jan li ye. Se Ou menm Papa. E nou konnen ke, "Pawòl la sonde kè, epi Li disèrne panse yo ak entansyon ki nan kè a," kifè, nou remèsyé Ou pou sa.

5 E kounyeya, Seyè, nou kwè ke moun yo la kounye a, ak tèt yo bese, ap reflechi sou bagay sa yo, e se Senespri a k ap pale ak yo. Epi akòde chak rekèt. Sove sa ki ka sove, Seyè, aswè a. Se pou moun ki pèdi yo, ka vini epi sove.

6 Nou tèlman rekonesan pou nou wè gwo pil rad mouye sa a, paske nou konnen tonm nan te ouvri; epi yo antere peche vyè òm lan, pou anpil nan yo. E mwen remèsyé Wpou sa, Papa. E se pou yo mache nan yon nouvo lavi, rès jou yo. Se nan Non Jezikri, nou mande li. Amèn.

7 Seyè a beni nou, se pou demann nou te gen sou kè nou yo egzose.

8 Kounye a, mwen kwè Billy te di frè Wheeler te gen yon ti bebe. Èske se te vre? Èske mwen te fè yon erè la, pou konsakre, oswa yon lòt bagay, oswa konsekrasyon? [Frè Neville di: "Mwen kwè te gen twa oswa kat tibebe." — Editè a.] Trè byen. Si ou ta vle vini avèk yo kounye a, nou ta kontan; si ansyen yo vle vin devan, poze men sou ti moun yo, pou sèvis konsekrasyon. Epi nou pral eseye jis kout. Epi nou vle ti moun sa yo, ki vle vin jwenn Seyè Jezi a, ki vle pote ti bijou yo—yo Bondye te ba yo. Nou toujou eseye fè yon chimen pou yo, paske nou pa konnen ki sa demen ap pote.

9 Manman m te konn di m: Pa kite demen sa ki ka fèt jodi a. Se vre, paske ou pa konnen ki sa demen ap pote, men nou konnen Ki Moun ki kenbe demen. Sa a se pati prensipal la. Nou konnen Ki Moun ki kenbe demen.

10 Frè Wheeler, Seyè a, Bondye beni ou. Epi sa a se Sè Wheeler. Mwen sètènman kontan rankontre ou. Epi mwen... gran privilèj mwen, premye fwa, mwen kwè, dapre sa m konnen, ke m rankontre w. Epi sa a se ti bebe w la. Ki jan li rele? [Sè Wheeler di, "Carlena Rebecca." — Editè a.] Carlena Rebecca. Ebyen, ala yon bèl ti fi, osi bèl ke I kapab. Koulye a, ti Carlena Rebecca Wheeler.

11 Frè Wheeler se youn nan dyak nou yo isit nan legliz la, e Bondye beni inyon yo a, ak ti pitit sa a. Mwen kwè ou genyen, anviwon, mwen konnen, de lòt ti fi, pa vre? [Frè Wheeler di: "Twa." — Editè a.] Twa lòt tifi. Yo vrèman bèl medam, jan mwen konprann, e konsa mwen priye pou Bondye fè Rebecca menm jan ak rès yo. Ou wè? E alò sa pral yon satisfaksyon pou nou tout, pa vre? Se vre, paske yo se timoun trè dous.

12 Mwen pa konnen si I ap kite m kenbe I oswa non, men, si li pa vle, n a poze men sou li. Ou ta renmen vin jwenn mwen isit la, Rebecca? Ou vle m kenbe w? Sa se trè byen. Ala yon bèl ti fi!

Koulye a ann bese tèt nou.

13 Papa nan Syèl la k ap fè gras, pandan nou kanpe la devan dyak sa a, aswè a; e vrèman se yon bèl ofis li gen nan men I, paske yo dwe jwenn yon dyak san repwòch, mari yon sèl madanm, kontwole fanmi I byen. Paske, si li pa konnen ki jan pou I kontwole fanmi I, ki jan li ka kontwole kay Bondye a? E nou di w mèsi dèské frè sa a reponn a kalifikasyon sa yo, e nou wè Lespri Bondye a nan li.

14 E li pote kounye a ti pitit fi li a isit la, pou nou konsakre I. Ou mete I nan bra yo pou yo elve I. Bondye, e ala nou rekonesan, ke nou ka di, dezi yo se ke li pral tankou rès sè li yo. Fè ke sa konsa, Papa. Epi se pou timoun lan viv epi—epi dedye anpil nan sèvis Ou, Papa. Epi kounyeya, nan Non Jezikri, nou ba W ti bebe sa a pou yon lavi nan sèvis Ou. Fè li an sante, fò; se pou I viv yon lavi ki long, jiskaske Jezi vini, si sa posib. Lèfini, Papa, nou kwè ke li va elve nan konsèy Kris la. Epi nou remèt Ou lavi li, pou yon lavi nan sèvis Ou. Amèn.

15 Bondye beni ou, Rebeka. Epi Bondye beni w, frè Wheeler ak sè Wheeler. Se pou Seyè a demere avèk nou.

16 Ki jan w ye? Bon men yon lòt ti fi ak yon gwo souri sou figi I. E kijan li rele? [Manman an di, "Rhonda Renee Coats." — Editè a.] Rhonda Renee Coats, èske se sa? Èske w gen lyen parante ak Jesse ak lòt yo, Jesse Coats? ["Non."] Mwen jis te panse...Mwen te konnen kèk nan Coats yo isit la nan vil la. Mwen te konnen yo vrèman byen, e yo te—yo te zanmi m pou—pou yon bon bout tan.

17 Rhonda, Rhonda Renee. M mande m si w ta vin jwenn mwen, Rhonda? Mwen pral—mwen pral remèt ou tousuit bay manman ou, osito ke nou fin remèt ou bay Seyè Jezi. Bon, èske li pa dous!

Koulye a ann bese tèt nou.

18 Papa nou ki nan Syèl la, pandan ke ansyen W la avè m kanpe ansanm aswè a, ann akò epi ann amoni nan Levanjil la, manman sa a pote ti Rhonda Renee sa a ba Ou pou konsekrasyon. Ou mete I nan bra I, pou I pran swen I, e premye bagay li ka fè se prezante I tounen ba Ou. Kòm Jòb nan tan lontan te di, se Seyè a ki bay bagay sa yo. Epi nou priye, Bondye, pou W kenbe I an sekirite jouk lè W gen pou W wete I la. Epi, Bondye, fè ke li va viv lavi yon kreyen reyèl epi li va yon egzant pou lòt moun, pandan I ap grandi. Beni lakay li, epi se pou li konsakre a Oumenm, nan yon sèvis konplè, ak kè ki sensè. Epi kounyeya, Bondye, nou remèt Ou ti Rhonda Renee Coats, nan Non Jezikri, pou yon lavi nan sèvis. Amèn.

Trè dous! Bondye beni w, sè.

19 Ki jan ou ye! [Sè a di: “Robert Paul Schamel.” — Editè a.] Robert Paul Shane? [“Schamel.”] Schamel.

20 Ebyen, e si...Epi ou yon jan jèn ankò, mwen pa panse ou ta ka fè anpil pwoblèm sou sa. Pa ri m konsa non. Gade isit la, si ou vle yon bagay pou ri. Robert Paul, ala yon bèl non!

Ann bese tèt nou.

21 Bondye, alòske jenn fi sa a vini isit la; pou nou, li jis yon timoun. Epi I ap remèt ti gason I lan, O Bondye, kòm yon lavi nan sèvis pou Ou. Se fwi ak rezulta inyon yo. Mwen priye, Bondye, alòske ansyen W lan ak mwen menm poze men sou ti pitit sa a, pou lavi I ka konsakre a Oumenm. Fè ke, Seyè, si gen yon demen, pou li pote Mesaj ke paran I yo ap koute a, Bondye. Akòde li. Epi m priye pou w beni kay yo, epi pou timoun lan leve nan konsèy Bondye, epi pou I vin yon—yon disip ki renmen W. Nou ba Ou li nan non Jezikri. Amèn.

22 Ebyen, li—li se jis yon bon tigason. Se tou. Wi mesye. Ou pat ka mande pou anyen ki pi dous, èske w te kapab? Pa gen anyen nan mond lan ki ta ka pi dous, se vre, pase ti pitit sa a. Li tou ap souri! Sa dous?

23 Sa se yon okazyon madanm mwen anyye travay mwen, kenbe ti bebe sa yo. Li renmen kenbe yo. E mwen menm, tou, men mwen toujou pè pou m pa kraze yo. Yo tèlman bèl e yo sanble yo delika, men, ou konnen, yo—yo pi di reyèlman pase sa nou ta ye.

24 Bon, mwen te di nou mwen pral soti... Ebyen, mwen gen sèlman trantsenk minit. Mwen pral oblige prese, pa vre? Annou wè. Mwen—mwen—mwen pa vle mal evalye anyen, oswa di anyen ki pa sa, men mwen pral eseye vrèman di, paske... Ou konnen, apre nou fin monte wout la, nou pa— nou pa jis aktif jan nou te konn abitye ye, ou konnen. Kilomèt yo pafwa vin difisil, ak de oswa twa sèvis nan yon jounen, ebyen...

25 E sa ki fè pati prensipal la, se vizyon sa yo. Preche pa fè m mal. O la la, mwen ka kanpe isit la tout lajounen, sa pa deranje m, men mwen... Men jis vizyon sa yo, epi lè moun yo nan entèvyou sa yo, se sa yo dwe genyen. Ou wè? Se pou sa yo la. Se yon bagay ki pa ka regle nan yon senp poze men. Fòk yo konnen rasin lan, orijin lan, kisa ki lakòz li, kisa ki te fè li, epi lèfini kisa pou yo fè pou yo soti ladan l. Se pou sa yo isit la.

26 Kounye a, reyinyon an ap kòmanse, apre demen swa... oswa, non, ekskize m, se mèkredi swa, nan Shreveport, Lwizyana. E si nenpòt nan nou gen zanmi nan viwonn lan, ebyen, di yo vin isit la. Life Tabernacle, mwen panse, se la li ye—I ap kòmanse, sof si li travèse nan oditoryòm lan, si yo ka jwenn sa, sa ki ba yo yon ti kras plis plas pou chita. Men yo gen balkon an anwo a, ak gwo etaj prensipal la, epi lèfini yon etaj anba sa. Kidonk, mwen pa konnen egzakteman konbyen plas yo gen pou moun chita, men li se yon... Si sa vin twò konplike, petèt nou ka jwenn oditoryòm lan jis anfas li, sa ki pral... Mwen pa konnen konbyen plas li genyen pou moun chita tou. Mwen déjà gen sèvis la, men mwen pa sonje. Sa a se yon—yon konvansyon anyèl.

27 Sa gen twazan, mwen te la, epi nou te kòmanse yon revèy, nan Non Seyè a, epi depi lè sa a, li pa janm fini. Li jis toujou ap kontinye, jis toujou ap kontinye; chak jou, moun yo vini, yo

sove, yo batize, epi yo kontinye ap mache ak Seyè a konsa, minis yo ak lòt yo vin jwenn nou tou. Epi nou jis...toutotan li kontinye konsa, epi mwen rete isit la ankò, mwen vle vizite I tout tan, epi jis pote kèk pawòl pou yo epi—epi kontinye konsa

28 Bon, sa pral kòmanse mèkredi, epi li pral fini dimanch. Dejene Òmdafè Kretyen yo se...Mwen pa...bliye non otèl sa a...Mwen kwè se...yo rele...Yo, yo pral di w lè w rive la. Se dejene òmdafè yo.

29 M te pase yon bon moman laba, m ap pale a noumenm òmdafè isit la, dènye fwa m te laba. Seyè a te sove yon—yon raben, ki se moun vil la. Epi, o, mwen pa konnen tout sa k te pase. Se te yon bon moman nan Seyè a, laba, m te preche sou San Alyans lan. Konsa, nou...Se sa jwif yo konnen; se san an. "Si pa gen san ki koule, pa gen padon," ou wè.

30 Kounye a, ann ale tou dwat nan Pawòl la, e m ap fè tout sa m kapab pou m kenbe pawòl mwen ba nou.

31 E kounyeya, si Seyè a vle kounye a, dimanch apre Nwèl la, si w an vakans epi w ap pase nan viwonn lan, si atè a pa glise ak tout bagay, ebyen, si ou—ou la a toupre, ebyen, antre. Nou gen entansyon gen yon sèvis isit la nan dimanch maten, nan—nan—nan dimanch apre Nwèl. Ki dat I ap ye lè sa a? [Yon moun di: "Ventnèf." — Editè a.] Ventnèf, jou k ap ventnèf la, e sa se dimanch apre Nwèl la, jou k ap ventnèf la. Koulye a, si yon bagay rive ke nou, yon bagay, nou pa kapab, epi nou pa ka isit la ... Nou pa konn lavni, ou konnen. Men, si nenpòt bagay rive, ebyen, oumenm k ap viv andeyò vil la, ki deja antre, tankou moun yo ki soti nan Memphis...

32 M te vle tandé Frè Ungren chante *Ala Ou Gran*. E mwen pa...Èske I isi a aswè a?

33 E, konsa, e mwen toujou gen anpil bagay pou m fè, mwen pa ka fè yo tout, mwen pa ka fè yo tout. Bondye beni nou, nou tout.

34 Bon ann ale nan Lèzekriti kounye a pou jis yon—yon ti lekti nan Lekriti. Kote, si pawòl mwen yo fayi, Sa p ap fayi. E alò Bondye ap beni w paske w rete, jis poutèt ou koute Pawòl Li a. "Lafwa vini lè nou tandé, lè nou tandé Pawòl Bondye a." Eske se vre? Kounye a, pandan

m t ap panse... Pandan w ap vire sou 6yèm chapit Sen Jan an, kòmanse ak 60yèm vèsè a, epi w ap li 71yèm lan, enklizif. Sen Jan 6:60.

35 Kounye a mwen t ap reflechi, pandan m t ap gade deyò fenèt la sa gen yon ti tan, e m t ap gade solèy la k ap kouche e m t ap gade ki jan tout lanati gen yon lwa. E lè sezon fredi a rive, lalwa a, otomatikman, nan lanati, fè sèv la kouri desann nan rasin pye bwa yo. Li antere.

36 Jan Jòb te di: "O, si W ta kache m nan kavo a, si W t ap kenbe m an kachèt jiskaske kòlè W pase." Epi bon, se sa a, "Si Ou ta kache m !" Ou wè, li te wè la—lanati, pye bwa a, lavi a desann nan rasin yo; Frè Way. "Epi li rete jiskaske kòlè a pase, epi lè sa a rele m epi fikse m yon tan." Ou wè?

37 Lanati gen yon lwa. Gen yon lwa nan lanati; pa gen okenn fason pou kontoune li. Se yon lwa lanati. Epi gen yon lwa lespri; pa gen, tou, pa gen okenn fason pou kontoune sa.

38 Mwen t ap pale ak yon koup apremidi a, apwopo, sijè ke ou pa ka detwi anyen totalman. Èt imen yo pa ka detwi totalman. Yo ka brize, men yo pa ka detwi totalman. Epi yon moun te di: "Ebyen, e lè w pran epi boule yon moso papye, èske sa detwi l totalman?" Non, mesye. Li sèlman separe pwodwi chimik yo apa, chalè dife a. Li retounen drèt nan gaz yo, sa li te ye nan kòmansman an. Ou pa ka detwi totalman. Men si mond lan te kanpe ase lontan, menm gaz sa yo, sa ak—ak pwodwi chimik yo ki te nan papye sa a, ta ka tounen imedyatman epi vin yon moso papye ankò. Se egzak. Ou pa ka detwi totalman. Egzak.

39 Bondye, alò. Si gen yon rezirèksyon pou tout bagay, tounen ankò, epi pa gen okenn destriksyon total, gen yon rezirèksyon pou jis la, wi, epi nou dwe retounen. Se tout sa ki genyen ladan l. Pa gen okenn fason pou fè. Kèlkeswa si w boule, si w nwaye, kèlkeswa kote sa fèt, yo pa ka detwi totalman.

40 Jis sonje ke chak pati nan nou te isit la, lè Bondye te mete monn lan a legzistans. Li te mete kò ou isit la menm lè sa a. E pa gen anyen ki ka retire li eksepte Bondye. Tout bagay tounen nan men L ankò. Ou wè? Epi li se Sila a, Sila a ki, Kreyatè a, se Sila a ki te fè pwomès la, kidonk nou sèten ke gen Lavi Etènèl la. Epi nou gen asirans nan kè nou kounye a, ke kounye a nou gen Lavi Etènèl, Lavi Etènèl ki pa ka mouri, nan nou kounye a. Trè byen.

41 Sen Jan 6. Ann kòmanse kounye a ak 6yèm chapit Sen Jan an, epi kòmanse ak 60yèm vèsè a.

Lè sa a, anpil nan disip li yo tande sa, yo di: Sa a se yon pawòl difisil. ki moun ki ka tande li?

Lè sa a, Jezi te konnen... li menm disip li yo t ap bougonnen sou sa, epi li di yo: Eske sa a ofanse nou?

E...si nou wè Fis de lòm lan ap monte kote li te ye anvan an?

Èske—èske se ...lespri a ki bay lavi; epi kò a pa sèvi anyen: pawòl mwen di nou yo, yo se lespri (se Li menm), epi yo se lavi. (Ki sa Li te di? "Mwen se Laverite, Lavi.")... yo se lespri,... yo se lavi.

Men, gen kèk nan nou ki pa kwè. Paske, depi nan konmansman, Jezi te konnen ki moun ki pa t kwè yo ye, e ki moun ki ta dwe trayi li.

Epi li di: Se poutèt sa, mwen te di nou, pèsonn pa ka vin jwenn mwen si Papa m pa t ba li sa.

Depi lè sa a, anpil nan disip li yo tounen, yo pa t mache avè l ankò. ("Pawòl difisil," ou wè, li pa t kapab pran l.)

Lè sa a, Jezi di douz yo: Nou menm tou, nou vle ale?

Lè sa a, Simon Pyè reponn li: Mèt, a ki moun pou nou ale? paske ou gen pawòl lavi etènèl.

Epi nou kwè sa e nou sèten ou se Kris la, Ptit Bondye vivan an. (O la la!)

Jezi reponn li: Eske mwen pa chwazi nou douz, e youn nan nou se yon demon?

Li te pale konsènan Jida Iskariòt, ptit Simon, paske se li menm ki t ap trayi l, se li ki te youn nan douz disip yo.

42 Kounye a, si m ta rele sa a yon sijè pou aswè a, epi fè tout sa m kapab pou m fè demi èdtan sa a konte, m vle pale sou: *Twa Sòt De Kwayan Yo.*

43 E mwen fè deklarasyon sa souvan. E m te di tèt mwen: "Ebyen, m jis kwè ke m pral preche sou sa yon fwa, apremidi sa." Se sa m te panse.

44 An premye se kwayan yo, swadizan kwayan yo ak enkwayan yo. Bon, sa se yon—yon—yon sijè tout bon. Men, osi sèten nou chita isit la aswè a, gwooup sa a toujou reyini ansanm. Kèlkeswa kote moun yo reyini, nou jwenn gwooup sa a, e nou toujou jwenn yo, e pwobableman nou toujou ap genyen yo jouk Vini Seyè a. E mwen vle nou, aswè a, konsidere tèt nou, pandan m ap pale de twa gwooup sa yo, epi wè nan ki gwooup nou ye.

45 Kounye a sonje, m ap pale isit la petèt...Legliz sa a, chaje ankò aswè a, alantou li, ak mi yo ak koridò yo, men m ap pale ak tou mond lan nèt. Ou wè? Nan tout diferan kote nan mond lan, bann sa yo ap sikile toupatou, gras a ministè bann yo.

46 Kounye a, mwen vle pale sou twa diferan kalite kwayan yo kounye a. Koulye a, sonje, *kwayan yo*, sijè mwen an se sou *kwayan yo*. Youn nan yo se yon vrè kwayan, e pwochen an se yon swadizan kwayan, epi lòt la se yon enkwayan. Ou wè?

47 Kounye a, premye gwooup nou ta renmen pale de li a, se kwayan an. Paske, mwen panse li ta dwe an premye, paske se li ki vrèman kwè, kounye a, ki kwè tankou disip yo te kwè isit la. Nou pral sèvi ak lekti Ekriti sa a kòm egzanp. Kounye a, premye a se kwayan yo, kwayan otantik yo. "Epi lafwa vini lè w tandé, lè w tandé Pawòl Bondye a," Pawòl Bondye a, ki se Kris. Ou wè, kwayan yo!

48 Kounye a, èske nou remake gwo deklarasyon ke kwayan sa a te fè? Kounye a, yon kwayan pa oblige se yon moun entelijan nan fason monn lan entelijan. Li pa oblige yon moun ki edike nan fason ke moun sa yo eseeye pou yo di ke ou dwe ye; men ou pa bezwen konsa. Ou... Nonm sa a ki te fè deklarasyon sa a, Bib la Li menm te di ke li te alafwa "inyoran" epi "san enstriksyon." Pyè, li pa t vrèman konsidere kòm yon moun entèlijan.

49 Nan Ezayi 35, li di: "Pral gen yon gran wout, ak yon chemen, epi yo pral rele I, 'Chemen sentete a.' Moun ki pa pwòp p ap pase sou li."

50 M t ap pale ak youn nan dyak yo apremidi a, pandan nou t ap pale de pon yo ki travèse yo, ak nouvo pon sa a. Mwen di: "Gen anpil chapant ki travèse mas dlo yo, marekaj yo jodi a." Epi mwen di: "Men, gen yon gran chapant ki soti nan tè a pou rive nan Laglwa, li rele, 'Gran wout Wa a'. Moun ki pa pwòp p ap pase sou li." Se vre. Se yon—yon wout Kris, Seyè nou an, bati, chapant ki soti nan tè sa a pou ale nan yon lòt Peyi, epi moun ki pa pwòp pa pase sou li.

51 Pyè, moun sa ki pa gen enstriksyon, nan yon... li te kanpe toupre, lè li te wè Pawòl pou jou a ki te antyèman konfime, ke Bondye te pwomèt nan jou sa a ke ta gen Youn ki t ap leve ki t ap yon—yon Pwofèt pam yo. Epi Simon te gen difikilte pou I kwè sa, paske te sitèlman gen anpil imitasyon sou Li. Men lè li te wè Pawòl otantik aj sa ki te devwale, e li te tande L ki te byen idantifye Tèt Li, li—li te sètènman konvenki Kiyès Li te ye. E li te sila, ki te di: "Seyè, ki moun nou pral jwenn?" lè yo te poze I kesyon an.

52 Lè foul moun yo t ap separe, ant kwayan yo, ak moun ki pa kwayan yo, ak moun ki swadizan kwayan yo, yo toulètwa te kanpe la menm nan yon sèl gwoup moun; kwayan, swadizan kwayan, ak enkwayan, ke nou jwenn dirèkteman nan chapit sa a isit la. Epi paske Jezi te pwononse Pawòl yo jan Li te fè a, sa te separe kongregasyon Li a. Men sa dwe fèt.

53 Li te yon gran òm toutotan Li te geri malad yo, men lè sa te konsène Doktrin ak pwofesi a, se sa ki te separe pay la—la ak ble a. Ou wè? Pay la sèlman vlope alantou ble a. Se pa ble a. Li pa ka itilize. Pa gen anyen ladan I. Pa gen Lavi ladan I. Li se anvlop la, epi li pa ka rete ak ble a. Li p ap eritye ak ble a. E kifè li dwe... Jis gress lan se de sa n ap pale, kè gress ble a.

54 Kounye a remake, Pyè te konvenki ke Se te Mesi a. Bon, sa tout rès yo te di pat fè okenn diferans. Sa prèt yo te di pat fè okenn diferans. Simon Pyè pa t bay enpòtans a sa legliz la te di. Li te konvenki, limenm.

55 Jezi te di li, nan yon plas kote Li te mande: "Ki Moun yo di ke Mwen ye?"

56 "E kèk moun di Ou se 'yon pwofèt', e gen lòt ki di Ou se 'yonn nan ansyen pwofèt yo ki resisite', epi—epi Ou se 'Moyiz,' oswa 'Eli', oswa yon lòt moun."

Li di: "Se nou menm Mwen poze kesyon an. Kisa nou panse?"

57 Epi Pyè di: "Ou se Kris la, Ptit Gason Bondye vivan an."

58 Li di: "Benediksyon pou ou, ptit gason Jonas la; Simon, ptit gason Jonas la; paske se pa chè ak san ki janm devwale sa pou ou. Ou pa janm aprann li nan yon liv, oswa nan yon kredo, oswa nan yon katechis. Ou... Se Papa M ki nan Syèl la, ki revele w sa." Sa se yon kwayan otantik; revelasyon espirityèl Pawòl la. Ou wè? E sou..."Ou se Simon, epi sou wòch sa a, revelasyon ke w genyen sou Kiyès Mwen ye a, M ap bati Legliz Mwen an, epi pòtay lanfè yo pa kapab genyen batay la sou Li." Ou wè?

Se pa etonan Simon di: "Bò ki moun nou prale?"

Jezi vire, Li di: "Nou vle ale tou?"

59 Epi yo di: "Seyè, kiyès pou nou, ki kote nou prale? Paske, Se Ou menm sèl ki gen Pawòl Lavi yo. Se Ou menm sèl."

60 Paske, non sèlman Li te gen Pawòl Lavi yo, Li te Pawòl Lavi a. Ou wè, Li te Pawòl Lavi a, e Simon te byen rekonèt sa. E lè li te rekonèt sa, se sa ki te fè l byen kenbe, paske sa te revele a limenm ke se Li ki te Pawòl vivan an.

61 Bon, sa se yon veritab kwayan, lè se Sentespri a; pa youn ke kèk lòt moun konvenk, pa kèk lòt bagay. Men lè Sentespri a revele w Pawòl la Li menm, epi ou wè Pawòl la vin klè, konfime; alò Lespri Bondye a vini, Li antre nan aj sa a, pou Pawòl pou aj sa a, epi Li fè L manifeste.

62 Ki jan yon nonm ta ka anpeche tèt li kwè nan Luther si l te konnen sa? Luther te yon refòmatè. Lespri lòm lan t ale la pou fè yon refòm. Wesley, menm jan an. Yo te oblige kwè li. Ou wè, se sa ki te—se sa ki te mesaj pou laj legliz la. Se te egzakteman sa ki te rive. Se sa ki te dwe fèt. Ou te oblige kwè li.

63 Epi men nou, la nan Laj Lawodise a. E yo anseye nou, nan Laj Lawodise a, ke yo te mete Kris deyò nan legliz Li a; e Li te menm ap frape pòt la, ap eseye tounen antre. Kifè lè nou wè sa ap pase, nou konnen nan ki laj n ap viv.

64 E, alò, nou nan fen istwa monn lan. Liv la ap fini kounye a. Dènye liy lan pral ekri nan li yon jou, epi li pral fèmen, lè sa a, p ap gen tan ankò.

65 Epi gen yon gwo pyès teyat y ap mete an plas. E zanj yo kanpe anlè syèl la, ap gade. Nou konnen kisa yon pyès teyat ye. Aktè yo pare. Ou ka wè yo ap jwe wòl yo.

66 Ou ka wè malen an ap jwe wòl li. Nou ka wè mechan an nan pyès la, ki jan li te vini sou sèn lan ak riz li yo, pou I twonpe.

67 Men nou ka wè tou Legliz ki anlve a ap prepare Tèt Li. Se yon gwo sèn. Nou ka wè Prezans Bondye k ap konfime epi k ap fè on fason pou gwo pyès teyat la ki te predi nan Bib sa a, dewoule pou tèt li. Ala yon epòk pou viv, se epòk ki pi bèl! Moun tout laj yo te anvi wè epòk sa a. Pwofèt nan tan lontan yo te anvi wè lè sa a, men yo pa t gen privilèj sa.

68 Bon, la se te yon kwayan. Paske, li te wè li. Li te kwè li. "Nou konplètman konvenki ke se Ou ki Kris la, Mesi a, Pawòl Bondye a pou jounen jodi a, e nou kwè sa." Ou wè, sa se te yon vrè kwayan.

69 Ann jis pran kèk lòt kwayan, byen vit, anvan n ale nan pwochen pèsonaj la. Ann pran pwofèt la, Noe. Lè li, te petèt yon kiltivatè, petèt se sa li te ye nan jou sa yo, yon kiltivatè. Men lè moun k ap pase moun nan betiz yo ak moun reliye nan epòk sa a...Legliz la te rive nan yon nivo trè ba, epi Bondye te pale ak Noe, Li te di Noe ke li te dwe bati yon lach. Noe pa t janm diskite sa ak Bondye. Li te kwè Li, ke Se te Pawòl Bondye a, epi li t ale nan travay byen vit pou prepare bagay yo.

70 Sa se yon vrè kwayan. Li pa fè pwoblèm avèk sa. Lè w byen konvenki, se regle. Jis toujou konsa, pou nenpòt moun lan, lafwa, nenpòt fason. "Lafwa vini nan tandé." Si ou ka kanpe isit la dyanm, kèlkeswa sa doktè a di ki mal avèk ou! Ki, nonm lan te ba ou dyagnostik ka yo, epi li pwobableman konnen sèlman sa I ap pale a, osi Iwen ke enstriman ak konesans li yo pral

pèmèt li konnen, men li di pa gen anyen ki rete ke lanmò. Men, ou priye, epi ou kanpe la a epi nan lavni ou ka wè yon gason oswa yon fanm byen pòtan ki kanpe la. Wi, se li. Epi se jis li. Ou pral mache dwat nan bagay sa menm osi sèten ke nenpòt bagay, paske ou kwè li. Bondye te eksprime l. Ou konnen se konsa.

71 Tankou ti fi a ki te krache kansè a, ou wè. Pat gen okenn dout nan tèt li, sa ta pral rive. Kansè a te mouri, epi li te lage, epi li te pati. Ou wè? Se sa. Ou kwè li.

72 Tankou papa sa a ki te mennen ti pitit li a, toutalè a, la. Epi li isit la nan bilding nan yon kote kounye a. Ti gason an te tonbe, li te pèdi memwa li. Li pa t kapab sonje anyen. Jis nan kèk moman, apre lapriyè, mwen te mande l non l. Li te di m, epi ki laj li te genyen, e la li te jis osi nòmal ke nenpòt ti gason ta ka ye. Ou wè? Yo kwè. E lè Bondye di yon bagay, li dwe konsa.

Epi Noe te kwè nan Bondye, e Noe te konsidere kòm yon kwayan.

73 Danyèl, lè legliz la te depòte nan Babilòn, Danyèl te kwè Bondye. E kèlkeswa kantite bagay yo te di : "Nou pral fè yon pwoklamasyon. Yo p ap priye okenn lòt dye eksepte estati sa a deyò a," ki te reprezante nonm sen sa a, oswa kèlkeswa sa li ta ye a. Danyèl pa t fè atansyon a sa. Li te tande Bondye, paske li te yon pwofèt, e Pawòl la te vin jwenn li. E lè yo te konsakre tanp lan pou Bondye, yo te di: "Si yon moun gen pwoblèm nan nenpòt peyi, epi li gade nan direksyon plas sen an, epi li lapriyè, alò egzose li nan Syèl la." Danyèl te kwè nan Bondye. Li te yon kwayan otantik, e menm Lyon yo pa t kapab manje l. Epi se vre, ou wè, li te yon kwayan. Li te gen yon bagay reyèl epi otantik. Li te yon kwayan.

David, yon lòt kwayan, yon ti gason yo te degoute.

74 Danyèl pa t pran plas ak legliz modèn lan, ni Noe pa t pran plas ak legliz modèn lan. Pa ditou. Yo te kwè sa Bondye te di se Laverite. Kèlkeswa sa monn modèn lan te di, yo te kwè sa Bondye te di se Laverite. Sa se kwayan otantik yo.

75 Menm jan Pyè te fè, ak apot yo, yo te kwè ke Li te gen Pawòl Lavi a e Li se Pawòl Lavi a. Mwen kwè menm bagay la jodi a. E tout lòt bagay ki kont Li se kontrè, li pa egziste, se lanmò. Sa a sèlman se Pawòl Lavi a, e Kris la se Pawòl la.

76 Koulye a, David, yon kanmarad ki gen koulè wouj. Premye bagay, frè l yo te ka te konn agase l, paske li te yon ti bout gason. Li pa t gran ase pou pote yon zam. Li pa t kapab ale nan lagè, epi li te twò piti epi mèg. E, poutan, li te soti la, kòm yon kwayan.

77 Epi pandan l t ap tounen nan dezè a (ap gade yon—kèk douzèn mouton papa l te ba l pou l veye, ak yon fistibal, nan yon peyi kote gen Lyon, lous ak lou, ak lòt bagay), David te kòmanse pran gade patiraj vèt ki genyen lonbraj yo, e li te konnen sa sa te vle di pou yon mouton desann nan lonbraj sa a, epi kouche nan chalè solèy la; li te konnen ki sa bwè yon bon dlo frèt vle di, jan li te di, "Tankou yon bich ki swaf dlo a, nanm mwen swaf Ou, o Bondye." Ou wè? Li te kriye, li te lapriyè.

78 Epi yon jou te gen yon ijans ki vin parèt, yon Lyon te pran youn nan mouton l yo, epi li t ale. Li te di: "Bondye ki kreye m lan pi gran pase Lyon an!" Ou wè? Epi li te pran fistibal la, li te jete Lyon an atè, ak yon ti wòch nan fistibal la. Bon, si yon moun ta janm wè yon Lyon, youn nan Lyon Afriken yo, gwo Lyon ak krinyè an lenn yo ki genyen an Palestine epi an Azi, yo ta konnen kisa youn nan bét sa yo ye. Alòske, yon gwo magnum kalib twasan ta ka apèn jete l atè, epi li jete l atè ak yon wòch. Epi lè Lyon an leve dèyè l, li pran l nan bab li, li touye l. Se rezon sa a li te konnen de kisa li t ap pale; li te fè yon eksperyans. Li te mete Bondye a leprèv, konsènan Pawòl Li.

79 E li—li pa t pè Golyat, paske li pa t sikonsi. Li pa t yon kwayan, ditou; lè Golyat soti, li ba li madichon nan non dye pa l yo.

80 Epi Golyat, li te anpil fwa pi gwo pase l; yon gwo nonm, dwèt li mezire katòz pou. Bon, dwèt yo ta dwe longè sa, ou wè, dwèt katòz pou, yon gèrye. Epi pwobableman kuiras ke li te gen sou li a, pwobableman te peze twasan liv, oswa plis, ou wè, sa li te gen sou li a. Yon kas, ak yon gwo...pwobableman an metal ki gen yon epesè yon pou edmi. Yon gwo gwo jeyan konsa, k ap mache ak yon—ak yon zegwi tiseran ke yo pretann ki mezire anviwon ven pye. Li te gen yon lans ki mezire ven pye nan men l. Bon ki jan yon moun ta ka...Yon nonm konsa ta ka jis kanpe epi pran yon douzèn moun, epi voye yo jete konsa, pandan y ap avanse. Ala yon advèsè!

81 E men li, ki te kanpe la, li t ap vante tèt li, li t ap fè dyòlè. Lè... sanble ke chans yo te bese, ou wè, li te di: "Kite... Pa kite san koule." Li te di: "Kite—kite yon moun vin goumen avè m, epi answit, si m genyen, nou tout ap jis sèvi m; epi si—si—si ou genyen, n ap sèvi w." Ou wè, lè dyab la panse li gen avantaj sou ou, ou wè, se lè sa a li renmen fè dyòlè. Men li te rankontre move moun lan. Li te rankontre pi piti nonm nan peyi a, yon ti gason, ki gen zepòl bese, yon tigason ki parèt wouj.

82 Li di: "Èske nou vle di m nou menm, lame Bondye vivan an, n ap kanpe la epi kite Filisten ki pa sikonsi sa a defye lame Bondye vivan an?" Franchman, li te choke pou sa! Poukisa? Poukisa? Li te yon kwayan. Lòt yo te swadizan kwayan. Ou wè? Ou wè, li te yon kwayan otantik. Li di: "Si nou pè, m ap goumen avè l." Ou wè? Ala yon defi pou yon ti nèg konsa! E kifè li te yon kwayan, epi li te fè egzakteman sa li te konnen ke Bondye ta fè. Li se...

83 Lè Filisten ki pa sikonsi sa a te madichonnen I nan non dye I yo, li di: "Eske m se yon chen? yon timoun frelikè soti konsa vin goumen avèk mwen? Poukisa," li di, "Mwen pral pran w nan pwent lans mwen an, epi mwen pral pann ou la nan pye bwa a epi kite zwazo yo devore chè w." O la la! O, ala li te yon moun terib!

84 David di, "Ou vin rankontre m ak epe ak javlo, byen ekipl. Ou vin rankontre m lan non yon Filisten. Mwen menm, m ap vin sou ou san epe san javlo, san ekipman, men lan Non Seyè Bondye Izrayèl la."

85 Men ni. Sa se yon kwayan. Sa se fòtrès pa l. Sa se boukliye pa l. Sa se defans pa l. Amèn. Sa ta dwe defans Legliz. Nenpòt kwayan an, se Sa ki defans li. pe enpòt sa k rive a, sa mond lan ap di, kèlkeswa lòt bagay la, defans ou se Seyè Bondye Izrayèl la. Se tou. "Non Jezikri a se yon tou pwisan, kote jis la antre pou refijye l an sekirite." Se sa ki defans nou, Jezikri.

86 Remake, kan sa te akonpli, nou konn kisa k te rive. David, pa t frape lòt kote ke ti plas sa kote sa te anfonse nan figi sa-sa-sa. Yon sèl plas ki te ka atenn se te drèt la nan fwon l. Anvan l te ka menm pran ankenn distans parapò a-a jeyan sa, Bondye te endike mak kote pou touye a, e li te vide jeyan an atè. Ou wè? Bondye te fè l. Bon, nou remake li te yon kwayan.

87 Kounye a, yon lòt kwayan se te Abraham, li te soti nan...an Kalde nan lavil Ur. E li te gen apèl pou fè yon bagay ki te...epi kwè yon bagay ki te konplètman, fizikman enposib. "Men li pa t bite sou pwomès Bondye a atravè enkredilite," se sa Women 4 di, "men li te fòtifye I, pou ap bay Bondye louwanj."

88 Kan Abraham te gen swasann-kenz lane, e madanm li te gen swasann-senk, e yo t ap viv ansanm depi yo te jenn timoun. Se te demi sè li; yon jenn ti gason ak yon jenn tifi. Epi sa te, yo te viv ansanm, san ankenn timoun ditou. E Bondye te di Abraham, "Separe tèt ou de enkwayan yo epi mache avè M, e M ap fè w papa anpil nasyon. Mwen deja fè I."

89 Abraham te kwè sa. Sa se yon kwayan. "Kouman W pral fè sa, Seyè?" li pa t janm poze kesyon sa. Bondye te di Li t ap fè I, e se te fini.

90 Kan premye mwa a te pase, epi Sarah te toujou...Li te depase menopoz li. "Èske gen yon bagay ki chanje?"

"Anyen menm."

91 Men Abraham te toujou kwè sa. Vennsenkan pita, te toujou pa t gen ankenn diferans, men Abraham te toujou kwè sa. Sa se yon kwayan. Se pa yon swadizan-kwayan. Se yon kwayan. Vennsenkan pita, Abraham te pi fò ke jan I te ye nan kòmansman an. "Li te kwè Bondye, e sa te konte pou jistis li." Paske li vin-...Sa se kwayan otantik la.

92 Bon, apre yon ti tan, m pral kite w fouye pou wè nan ki kategori ou ye.

93 Kounye a kisa Abraham te fè? "Li pa t bite sou pwomès Bondye a," se bagay ki enposib.

94 Kisa yon nonm swasannkenzan, ak yon fanm swasannsenkan, t ap fè, si yo t al wè yon doktè pou di, "Nou vle pran aranjman, ak lopital. Nou sou pwen gen yon ti bebe"? Epi apre sa, vennsenkan pita, vin di, "Dòk la, ou toujou rezève plas la nan lopital la?" Ou wè? Ou wè?

95 Sa fè w aji dwòl. Desizyon w yo biza, pou mond lan. Men se yon kwayan, pe enpòt jan sa sanble etranj. Bib la di, ke, "Li te konvenki tout bon ke Bondye te kapab akonpli sa L te di Li t ap fè."

96 Sa ta dwe akonplisman chak kwayan apremidi sa. Bondye ka gade chak Pawòl Li te di Li t ap fè. Mwen pa fè ka de sa denominasyon yo di, pawòl tankou, "Jou mirak yo pase, tout bagay sa se telepati epi tout, se divinò. Se..." Sa pa deranje m sa y ap di a. Mwen toujou kwè. Si fizi sa santre sou sib la, I ap frape sib la. E mwen kwè si yon kwayan santre sou Pawòl Bondye a, sa va frape menm jan an. Si Pawòl Bondye a te janm pwomèt li, li va fè l ankò. Mwen konvenki de sa tout bon. Ke, lè nou wè nou nan laj sa, kote sa sipoze isit la, sa sipoze isit la. Bagay sa yo sipoze rive.

97 Se poutèt rezon sa mwen kwè vrèman kan yo va rele epi eli Epouz sa, pou l tabli nan Liv Lavi a, va gen yon son ki va sot nan Syèl la ki va voye yon tèl batèm Sentespri nan Epouz la ke sa va fè L kite tè a, nan yon gras pou Anlèvman an. Bondye te pwomèt sa. Mwen pa fè ka kantite lasyans, ak kantite astronòt yo genyen, ak tout lòt bagay, epi konbyen milyon mil yo ka wè; mwen pa fè ankenn ka de sa. Gen yon Syèl, e gen yon Jezikri reyèl literal La k ap vin nan yon fòm kòporèl pou resevwa Legliz Li pou Tèt pa L. Pe enpòt jan istwa sanble ansyen, se kanmenm Laverite. Se Bondye ki di sa. Se sa–se sa ke kwayan yo kwè.

98 Bondye di, "Mwen se Seyè a ki geri tout maladi w yo. Mwen se Bondye e Mwen pa chanje." Amèn! E Bondye se Pawòl la. E si Bondye pa chanje, kouman Pawòl la fè pral chanje? Ou wè? "Mwen se Bondye, e Mwen pa chanje." Se Lèzekriti ki di sa. Bondye di l, Li Menm. E si L pa ka chanje, alò Li se Pawòl la. "Nan kòmansman Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye." Pawòl enchanjab la! "E Pawòl la te fè L chè, e Li te abite pam nou." Amèn! Wi, mesye.

99 Bondye te resisite kò moun, atravè tout tan ap desann; Moyiz, epi Ezekyèl, ak Jeremi, ak Ezayi, ak Eli, kontinye ap desann, kote Pawòl Li te vini tanporèman. Men plenitud Pawòl la te manifeste lan Nonm sa Jezikri. Li menm, Li te Bondye nan-nan plenitud Divinite nan lachè. La Li te fè L chè. Mwen kwè sa, chak Pawòl.

Jòb, yon lòt kwayan.

100 Pafwa, yo met kwayan an a leprèv. Pa pafwa; tout tan! "Paske chak ptit ki vin jwenn Bondye dwe chatye, epwouve, antrene-depi touputi." Sonje, eprèv yo, wout ak pousyè yo, solèy cho pèsekisyón, men fidelite kè w ap travay materyo a jouk li prè pou antre nan moul

lan. Timoun Bondye yo fòje kòrèkteman nan Pawòl la, poutèt yo se egzanp vivan, e Pawòl Bondye a ap viv atravè yo. Ou wè? Eprèv la vini pou ebranle w, pou fese w atè plat, pou wè ki kote w kanpe. Yo sibi tès, yo teste chak pitit ki vin jwenn Bondye.

101 Jòb te pase atravè eprèv ak tès yo. Timoun li yo te pati ale; tout bagay te pati ale. Menm legliz yo te vini, te akize lòt kòm yon pechè an sekrè, pou ap eseye di tout bagay kont li, men malgretou li pa t tande anyen. Li te konnen ke lòt rankontre egzijans Bondye yo. Li te konnen pa t gen nesesite pou Satan t ap eseye tante lòt. Li te konnen ke se te dyab la. E osi lontan ke Satan te ka fè lòt kwè ke maladi li se te Bondye pa lòt ki t ap fè sa, li t ap met baton pou Jòb. Men kan Jòb te pèse revelasyon sa, ke se pa t Bondye! Li te sèlman ap travèse eprèv li pou rann li kichòy. Se pa t Bondye ki t ap fè sa. Se te Satan ki t ap fè lòt.

102 Menm bagay la jodi a. Li va eseye di w ke eprèv sa yo ak lò bagay se Bondye w la k ap eseye pini w. Se pa sa. Non, mesye. Se Satan k ap fè sa, e Bondye pèmèt sa, pou tante w; pou fè w wè si ou-si ou atache a tè sa, ak sousi terès, oswa si trezò w nan Syèl la. “Paske kote trezò w ye, se la tou ou ye.” Se vre. Kote kè w ye se la trezò w ye.

103 Jòb, anba tès, malgretou li di, “Mwen konnen Redanmtè m lan vivan; Li va dènye ki va ret kanpe sou tè a. Menmsi vè ta detwi po kò mwen...”

104 Èske w te remake? Vè anba po yo te deja nan li. Vè anba po w yo nan ou. Ou nan yon sèkèy fèmen-sele san ankenn sikilasyon è ladann, oswa nenpòt fason an, men vè anba po yo deja la. Yo drèt nan ou, e yo prè ap tann apèl pou antre an aksyon a nenpòt ki moman. Sonje Seza, li te atenn de kansè drèt nan lari a. Vè anba po yo te devore lòt, drèt nan lari a, pwòp vè anba po pa lòt. Yo drèt la, prè.

105 “Menmsi vè anba po mwen ta detwi kò sa, malgretou nan chè mwen m ap wè Bondye.” Amèn! Ou pa ka aneyanti lòt. Menmsi vè anba po ta devore lòt, lòt ap toujou retounen ankò. “Mwen va wè L Li Menm pou tèt mwen. Jye m va kontanples L, e pa yon lòt.” Li te di sa, Jòb. Poukisa? Li te yon kwayan. Nan eprèv li te yon kwayan. Nan pèsekisyon, li te yon kwayan. Li te yon kwayan otantik.

106 Jozèf, yon lòt kwayan, li pa t ka anpeche I sa I te ye a. Li te yon pwofèt. Bondye te fè de li yon pwofèt. Li pa t vle diferan de frè I yo, men li te diferan. Bondye te fè de li sa I ye a. Pèsonn lòt pa t ka pran plas li.

107 Pèsonn pa ka pran plas ou, pe enpòt jan I piti. Ou di, "M se jis yon moun k ap fè mennaj nan kay" Pèsonn pa ka pran plas ou. Bondye, nan gwo ekonomi L lan, te sitèlman byen planifye sa, Kò Kris la, yon fason, jouk pa t gen pèsonn ki te ka pran plas ou. Ala m ta renmen pran plas Billy Graham, nenmpòt lan nou minis yo, men nou pa ka fè sa; jis sonje, Billy pa ka pran plas nou. Ou wè, nou tout gen on plas, gen lan nou ki evanjelis, gen pwofèt, gen anseyan, gen pastè, kèlkeswa sa yo ye a; genyen se moun k ap fè mennaj nan kay, genyen se mekanisyen, genyen se fèmye, kèlkeswa sa I ye a, Bondye te mete w nan plas ou. Ou wè?

108 Jozèf te yon pwofèt. Li pa t ka anpeche I paske li te ka entèprete sonj. Li pa t ka anpeche I paske li te konn gen vizyon. Obsève kijan li te fidèl. Pe enpòt si sa te koute I fratènite I avèk frè I yo, li te fidèl, paske li te kwè rèv sa yo. Li te kwè, rèv li te fè a, ke yo tout t ap koube devan I, jèb yo t ap fè sa. Sa te akonpli paske li te kwè sa. Li te yon kwayan otantik. Ala...

109 Mwen ret senk minit; ak dis paj, remake kounye a, nan Lèzekriti ki note la. Fanm lan...

110 Natanayèl, te yon kwayan. Èske se vre? Natanayèl, kan I te wè sa k te rive; e sa te fonksyone sou li, kan Jezi te di I kimoun li te ye, epi te di li se yon-yon "vrè Izrayelit," e pa t gen "kachotri" nan li, epi Li te di I kote I te ye jou anvan an, "ap priye anba yon pyebwa." Li te wè I kan-kan Filip te rele I. Li te yon kwayan.

111 Gen anpil ki te kanpe la, ap di, "Se espri demon. Se demon k ap fè gerizon Divin." Vye dyab sa pa mouri jodi a. Yo kwè ke demon fè gerizon Divin.

112 Jezi di, "Si Satan ka chase Satan, alò wayòm li divize, e yon wayòm konsa paka ret kanpe." Ou wè? Satan te di, nan...Li pa ka fè I. Kifè, Satan pa ka chase Satan.

113 Kifè Natanayèl te yon kwayan. E kan I te wè Pawòl la fè L chè, te konfime ke li te yon kwayan, li te di, "Ou se...Rabi, Ou se Kris la. Ou se Wa Izrayèl la." Li te kwè I.

114 Kan fanm lan bò pwi a te wè I, li te kwè I. Li se yon kwayan.

Kan avèg Batime...Kan dam lan te apwoche...

115 Tout moun t ap rele fò, ap kontinye. Genyen ki t ap di, "Gen tout on...Mwen te tande W resisite mò. Gen yon simityè ki plen anwo a la; vin resisite yo. Fè nou wè W k ap fè sa." Ou wè, menm demon sa ki te di, "Si W se Fis de Dye a, òdone ke wòch sa yo tounen pen." Menm lan ki te mete yon twal tòchon sou figi L, pou te frape L nan tèt, ap di...te pase baton an, youn bay lòt, pou ap di, "Bon, si W di nou kimoun ki frape W, n ap kwè Ou." Sòlda yo, ou wè, k ap pran plezi avè L. Ta sanble ke tout atansyon te, sou Li.

116 Men jis sonje, Bondye toujou sou sèn lan. Ou wè? Li drèt la prè, nenpòt kilè a.

117 Kounye a Jezi di, "M ka pale a Papa M e Li te ka voye ban Mwen douz lejyon Zanj." O, kisa yon sèl Anj t ap fè? Ou wè? Men, ou wè, men Li te ka voye douz lejyon jis sou lòd Li. Men li te gen yon travay pou L fè. Li te gen yon bagay pou L fè. Li te oblige pase atravè sa.

118 Ou gen yon bagay pou w fè. Bondye gen yon bagay pou ou pou w fè. Ou ka gen kèk pwoblèm kè ak kèk twoub, ou ka gen kèk desepsyon, men èske nou priye pou evite yo? Non. "Seyè, fè m pase atravè yo, kèlkeswa sa yo ye a, pa kite m evite yo. Si yo te vini pou mwen, jis ban m gras pou pase atravè sa. Se tou."

119 Bon remake, avèg Batime, li te konnen, ke yo te di yo, "Sa se Pwofèt Galile a. Li se Fis de David la. Nou kwè sa." Kèk nan kwayan yo dwe te di l sa. "Nou menm kwayan yo nou konnen ke Li se...Fis de David sa."

120 E li te konnen si se te Li, Li te Pawòl la. E si L te konnen Li te Pawòl la, li te konnen ke L te kapab disène panse kè, kifè li te kriye byen fò, "Ou Menm Fis de David, gen pitye pou mwen." Enkwayan yo t ap rele sesi, sela, manm legliz yo. Sa pa t rete avèg Batime ditou. Li te di, "O Jezi, Ou Menm Fis de David, gen pitye pou mwen!"

121 Petèt Li te ka tande l. Men Li te konnen li t ap rele fò, e Li te rete pou vire tounen. La te gen yon kwayan. Li te di, "Fwa w te sove w." Amèn.

122 Li te di fanm ak pèt de san sa, menm bagay la, "Fwa ou."

123 Paske, manzè te di nan kè l, "Si m te ka touche rad Li, m t ap geri."

“Fwa ou te sove w.” Ou wè, li te yon kwayan.

124 Sa se menm bagay la ki te sove William Dauch, ki chita la, lòt jou, avèk yon defayans kadyak konplè, epi yon kriz kadyak, yon nonm katrevèn onz lane. “Fwa ou te sove w.” Poukisa? Li se yon kwayan.

125 Reveran Tom Kidd isit la, li menm pral nan...toupre, mwen kwè, depase katrevèn dis lane kounye a, prèske sa. E kan I te gen swasann diznevan, yo te mennen I lopital ak yon kansè pwostat. Doktè a te di, “Li pa gen yon chans.”

126 Men kan nou te antre la maten sa, pou al wè ti patriyach sa ak yon chal sou zèpòl li, ki te chita la, ap frape ti baton sa, li te prèske pèdi tèt li. Li te di yon dam aje ki te la, li te rele I grann; li te konnen manzè, se youn nan manm li yo depi dè zane. Li te di, “Ou parèt blan tankou lanèj,” byen Iwen fakilte mantal li.

127 Poutan, kan Pwisans Bondye te frape chanm lan, li vivan aswè a. Sa se te katran de sa. Yon nonm ki nan prèske katrevèn lane, e men li la aswè a, pafètman sen despri e byen, depi epizòd kansè a. Ou wè, se pa yon swadizan kwayan; yon kwayan! Se tou, kwè! Li pran Bondye sou Pawòl Li.

128 Jis menm bagay la sa te ye pou avèg Batime. Avèg, men poutan li te konnen, si li te ka atire atansyon Jezikri, li t ap gen sa I te vle a.

129 Fanm lan te konnen, si I te ka touche rad Li, li t ap jwenn sa I te vle a–li t ap jwenn sa I te vle a.

130 Tom te konnen. Li te gen lafwa, ke si m ta priye pou li, li t ap jwenn sa I te vle a.

131 Èske se pa menm fwa sa ki te fè Mat di, “Menm kounye a, Seyè, kèlkeswa sa Ou mande Bondye, Bondye ap fè I pou Ou; frè m nan lonje laba, mouri, kat jou nan tonbo, men jis mande Bondye, e Bondye ap fè I pou Ou”?

Li te di, “Frè w la ap resisite.”

132 E manzè te reponn, “Wi, Seyè, nan dènye jou yo, lè rezirèksyon an, I ap resisite. Li te yon bon gason.”

Li te di, "Men Mwen se rezirèksyon ak Lavi sal!"

"Wi, Seyè, mwen kwè sa, tou."

"Ki kote ou te antere l?" Se tou. Se fini. Wi, mesye.

133 Rèn Sid la ap leve nan jenerasyon enkwayan sa, se vre, e li te kanpe la e li te kwè sa l te wè kòmkwa se te Bondye. Bib la di, "Li va resisite nan dènye jou a, avèk jenerasyon sa, pou kondane l, paske li te soti nan dènye bout mond lan pou te vin tande sajès Salomon."

134 Moyiz te yon kwayan. Menmsi li te eseye entèlektyèlman, li te eseye chak plan l te kapab, men sa pa t ap mache. Li te eseye fè Izrayèl soti, li te konnen li te gen apèl pou fè sa. Li te eseye fason matematik la. Li te eseye fason militè. Li te eseye fason edikasyon. Li te eseye tout fason, men sa pa t ap mache. Men apre sa li te pran fason Bondye a.

135 Kisa k te pase? Te gen yon bwison adan anlè a, yon jou, ki pa t vle ale. Dela etan, Pawòl la pale avè l, li di: "Mwen SE." Pa, "Mwen te," oswa, "Mwen pral ye." "MWEN SE." Epi Li se toujou "Mwen SE". Li se Pawòl la, Etènèl la, Pawòl ki p'ap janm fini an.

136 Moyiz pa t gen dout. Difilkite yo kont li, tout nati a kont li, tout bagay kont li. Men, yon baton kwochi nan men l, li desann, li konkeri tout nasyon an, li te nwaye l nan Lanmè Mòt la la ba a, li mennen pèp Izrayèl la nan latè pwomiz la. Poukisa? Li te kwè Bondye. Dakò. Li te gen yon...

137 Sa se kwayan an. Nou te kab rete...Koulye a, mwen te rete tout demi èdtan m nan sou kwayan yo.

138 Gen de lòt klas. Nou pral prese ak yo, paske yo pa enpòtan, de tout fason. Non.

139 Epi, dezyèmman, men enkwayan an kounye a. Ann pale de enkwayan an apre sa. Kisa enkwayan an fè?

140 Nou wè kwayan an (kisa?) li aksepte Pawòl la; chak ras, chak jenerasyon, pati tout anwo ak Noe, e kontinye monte. Nou ta ka pran sis mwa ak sware revèy sou sa la a menm, ap pale

de pèsonaj sa yo. Yo kwè. Kwayan an pa poze kesyon. Kwayan an kwè L, kèlkeswa sa L sanble oswa sa nenpòt lòt moun gen pou di de sa, kouman sa sanble enposib.

141 Kwayan an kwè Li, kwè (kisa?) Pawòl la. Pa kredo; Pawòl la! pa denominasyon an; Pawòl la! pa sa yon lòt moun di; sa Pawòl la di! Koulye a, sonje, sa a se kwayan an. Kwayan an pa poze kesyon. Kwayan an pa di: "Ki jan sa ka rive? Si m ka jwenn eksplikasyon sou sa!" Sa se enkwayan an. Uh-huh. Se kwayan an, ki, kèlkeswa sa L ye a, "Si Se Pawòl la, Se Pawòl la! Se vre." Sa se kwayan an.

142 Koulye a enkwayan an. Kounye a nou wè sa k... Nou pral pran enkwayan yo. Nou jwenn ke yo te konpòte yo byen toutotan yo te pase men nan do yo epi yo te rele yo disip. Osi lontan ke (yo) tout bagay te ale byen, yo te trè byen. Men lè Pwofèt sa a ke yo te kwè se yon pwofèt, e te konnen ke l te sa, ki te kab geri malad yo, ak lòt bagay, kisa l te fè? Lè vrè verite a ak reprimand la te vini, kontrè ak sa yo te kwè, yo pa t kab pran Pawòl la.

143 Yo te kab aksepte mirak yo, epi yo te fè yo. Yo te soti, e yo te chase move lespri yo, yo te preche Pawòl la, e yo te toujou enkwayan. Matye 10, Li te voye yo de pa de, swasanndis yo, epi yo chase move lespri yo, opwen ke Jezi te kontan, li di: "Mwen wè Satan sot tonbe tankou limyè nan syèl la." Ou wè, yo te chase move lespri yo; Jida te avèk yo. Men enkwayan yo.

144 Men, osito ke Jezi te kòmanse di ke L te Kichòy , ke L te "rezirèksyon an,"Li te "Lavi a". "Kisa w ta di si w ta wè Fis de Lòm nan monte kote L te soti a?"

145 "Kounye a, Nonm sa a ap eseye di ke L sot nan syèl la, sa a twòp pou nou. Nou pa ka kwè Sa."

146 Li di: "Kisa sa ye? Lachè ke w ap pale a pa itil anyen. Se Lespri a ki bay lavi."

147 Men kote w ye. Lespri a fè Pawòl la viv. Se Lespri a, pa kredo a. Lespri, Sentespri a, vivifye Pawòl la pou ou, epi li vin vivan, e se la a ou ye, ou wè l. Gras a lafwa ou wè li. Ou konnen ke se konsa paske Pawòl la te di l, epi Lespri a vivifye Pawòl la pou ou. Se la a ou ye.

148 Kounye a, Li te di: "Kisa k pral..." Epi dè ke n te fè sa, nou dekouvri, ke enkwayan yo, lè n di yon bagay ki an dezakò avèk yo, yo mache sou nou. "Mwen jis pa pral!" Oh, sa ap vin tèlman lou, nan mond lan jodi a. Kòmanse jis di yon bagay...

149 Yo rasanble anndan an. Mwen remake nan reyinyon sa yo yo pral rasanble, gwo foul moun, epi w leve kanpe, ou kòmanse di yon bagay. Kounye a, depi ke...Yo jis chita la a, jis ap siveye, jis ap tann. Epitou dè ke w di, "Koulye a, Jezikri te idantifye L kòm Mesi a, paske L te yon pwofèt," krich sa a te fin ranpli, li met deyò. Yon moun... epi yo met deyò. Kisa l ye? Yon bann enkwayan !

150 Kounye a ou di: "W ap fabrike sa." M pa fè sa. M ap di jis egzakteman sa Bib la di la a.

151 Yo te enkwayan, e yo te ale. Menmsi yo te disip, men li—li te kontré ak sa... Yo te di, "Sa a, ki moun ki ta ka kwè yon bagay konsa?" Ou wè? Se te farizyen ak sadiseyen sa yo ki te soti, te rejwenn Li epi te antre avèk li.

152 Paske, ou wè, lè ke—lè ke sinatirèl la afiche I, li pwodui twa tip diferan. Li te fè l anba a nan peyi Lejip. Li te pwodwi enkwayan an, kwayan an, ak fo kwayan an. Li te bay tou lè twa klas yo. Li jis ekri la a, jiskaske nou jis kontinye ale tout nwit lan, ap eksplike , ki jan l ye. Tout kote, ou jwenn li, ou wè yo twa a. Toujou fason sa a, ou wè, ou jwenn yo.

153 Kounye a obsèye, swasanndis sa yo, yo te soti paske Li pa t annakò ak sa yo te kwè ki te vre a.

154 Nou pa t gen okenn lide nan tèt nou. Se sa L te di! Ou renye pwòp panse w. Ou jis di sa Li di. Sa se vrèman konfesyon. Konfesyon vle di "di menm bagay la." Si m te konfese ke yon bagay kèlkong te rive, m ap di menm bagay ki te rive a. Se sa ke vrè konfesyon an ye. "Epi Li se gran prèt konfesyon nou an." Ou wè? Lè w di menm bagay ke Bondye te di a, ou wè, sa rann li jis, paske w ap jis repete Pawòl Bondye a.

155 Kounye a remake, swasanndis yo te ale. Kisa yo te fè? Epi yo—yo te ale jis paske yo—yo pa t dakò. Yo—yo—sajès yo, yo—afilyasyon legliz ke yo te genyen, te—te twòp. Sa te twòp pou yo te panse, ke Nonm sa a ki te kanpe la a, ke...Tout rès moun kwè ke Se te yon nesans

ilejitim. "Li pa t gen dwa pou I te rele tèt Li Bondye. Epi Li te jis yon nonm." Li te di: "Nou pa lapide w pou yon bon zèv ou fè yo, men nou—nou lapide W paske Oumenm, ki yon Nonm, ou fè tèt ou Bondye."

156 Epi Pawòl la te di Li se Bondye. "Yo va rele non L 'Konseye,' 'Prens lapè,' 'Bondye Toupwisan,' 'Pè Etènèl la.'" Ekriti menm ke yo te li yo!

157 E jou menm ke yo t ap chante sòm nan, sòm 22 a, "Bondye Mwen, Bondye Mwen, poukisa W abandone M? Tout zo nan kò m yo, ap fikse mwen." "Pa men yon zo pa p kase." Chante menm ke yo t'ap repete nan tanp lan, sakrifis la te pandye la a, Li t'ap rele byen fò, pawòl ke David te di uitsanzan anvan, e yo te twò avèg pou wè I.

158 E jodi a, Bondye menm ki te pale de laj sa a sou sèn nan ap fè egzakteman sa L te di li t ap fè a, epi yo twò avèg pou yo wè sa. Sa a se enkwayan yo. Yo ale epi di: "Oh, mwen pa ka kwè bagay konsa. Mwen pa janm tande pale de Sa nan lavi m!" Pa fè okenn diferans sa W tande a. Bib la te di Li ta dwe la a, epi se Pawòl Li.

159 Yo pa t janm tande pale de Sa, non plis, men Li te la menm jan an. Ou wè? Se vre. Yo te enkwayan.

160 Menm jan Èv te ye a, li te trè reliye, sèten, kidonk, men li—li pa t kwè vrè Pawòl la. Epi li te oblige fè yon yon reliyon pou limenm, kidonk li te fè I ak kèk fèy fig, ou wè, men sa pa t ap mache. Relijyon vle di "yon kouvèti".

161 Kayen te fè menm bagay la. Kayen pa t kab kwè ke Sa a te byen. Li te di: "Bondye a sen, Bondye a pi, e Bondye a bo gason. Kidonk m pral chache kèk flè, epi m ap pran nan—flè yo epi m ap fè yon bèle, gwo lotèl, epi m pral—m pral montre respè m anvè Li. M pral kanpe devan I', m pral koube tèt devan I pou m' adore Bondye sa a. Epi m pral met flè yo sou lotèl la, paske, ou konnen, papa m ak manman m manje kèk pòm, kèk fwi, nan jaden Edenn nan, e se bagay sa a ki te fè m soti. Epi konsa, se sa, m pral tounen, ' paske m pral fè I bèle. Bondye jis pa ka rejete gwo katedral mwen an. Poukisa, Se pral yon twò gwo katedral! Mwen pral fè li tèlman bèle nan pwen ke I pral atire atansyon Bondye." Satan se sila ki rete nan bote. Se egzakteman sa Ekriti a di.

162 Se rezon sa a, pafwa, yon bél fanm se yon atrap pou Satan. Si l ka jis met men sou li, li ka mennen plis gason nan lanfè ke l te kab pase tout nayklib ki nan peyi a. Se vre. Ou wè? Oswa, bo gason, yon kokenn bo gason ki pa ta—pa ta kanpe nan veritab virilite l, ou wè, ankò, li ka balanse fanm yo bay dyab la, epi voye yo nan lanfè. Wi, mesye.

163 Remake, Satan rete nan bote. Ki sa l te eseye fè nan kòmansman an? Fè yon wayòm ki te pi bél pase pa Mikayèl la; li deplase nan nò, li te pran de tyè nan zanj yo avè l.

164 Gade kiyès—kiyès pitit gason l te ye lè sa a, ki te gen nati sa a nan li? Pitit Satan. Natirèlman, se te sa . Koulye a, li batilotèl la, li te mete l ajenou epi l te adore. Li te fè tout sa ke (Kayen) Abèl te fè.

165 Men, Abèl te konnen se pa t sa. Li...Se san ki te mete yo deyò. Li te konnen ke se te sa. Se te sèks, san. Konsa li pran yon ti bèt, epi li ofri l' sou yon wòch, epi koupe kou l' .

166 Remake Kayen, li...Bondye te di l, Li te di, "Poukisa w pa adore tankou frè w la, epi w ap fè sa k byen. Ou pral byen fè si w fè sa." Men, non, li te konn twòp sou sa. Ou wè, li te rejte oriinal la, yon Pawòl konfime. Si sa se pa pitit li yo jodi a! Ou wè?

167 Kounye a, gade: "Bondye te temwaye," Bib la te di. Ebre chapit 4 la, oswa 11yèm chapit la, "Bondye rann temwayaj de don li a, ke l te jis." Bondye te konfime ofrann li a. Bondye te fè prèv ke se sa ke L te aksepte; se te Pawòl li a, plan L la.

168 E L te di Kayen, Li te di: "Fè menm bagay la, epi ret anvi." Men èske w panse li ta fè l, li ta abandone lide l la? Non, mesye. Li te yon enkwayan, e li te vire ale. Se vre. Kayen te fè menm bagay la. Nimrod te fè menm bagay la. Yon bann enkwayan! Li pa t kwè. Beltchaza, menm bagay la, kwake, oswa...

169 Nèbikadneza, malgre li te gen Danyèl kòm dye l, li te rele l' Beltchaza, ki te non bondye l, li wè Danyèl fè zèv remakab Bondye a. E answit li te konnen ke Beltechaza te kwè, oswa ke Danyèl te yon dye, se konsa li fè yon estati pou li, li mete l kanpe la, te fè tout moun adore l, e latrìye. Ou wè, wayòm payen antre nan fòse adorasyon estati yon nonm sen, epi wayòm payen an soti ak fòse imaj yon nonm sen, ou wè, menm jan an.

170 Epi te gen ekriti alamen sou miray la, lang enkoni yo, nan kòmansman wayòm payen an, ke pèsonn pa t kab li eksepte pwofèt sa a. Epi gen yon ekriti sou miray la jodi a, se vre, "Ikabòd," ke glwa Bondye a te retire l de bagay sa yo. Epi ekriti alamen an sou miray la epi se panse espirityèl ki kwè nan bagay espirityèl ki kab li l, ki te fèt pa Lespri Bondye a.

171 Ansyen Beltchaza soti epi li pran vesò Seyè a, pou l' bwè diven ladan yo. Poukisa? Li te yon enkwayan. Li te panse l te yon kwayan, men li te yon enkwayan. Ou wè, se sa l ye, li pa t kwè Pawòl la.

172 Akab, li te yon enkwayan, menm si li—li aji tankou li pa t sa. Non, non, li te pamì kwayan yo, men li te yon enkwayan. kisa li te fè? Li te marye ak yon fanm idolat, li te mennen l, idolatri, la menm an Izrayèl. Li te yon enkwayan. Nou konn sa.

173 Yo nye ke Pawòl Bondye a annantye se verite. Enkwayan an se, ou wè, kounye a sonje, li se yon ipokrit. Epi li—li aji konsa, li di ke l kwè L , men li nye L. Li te di, "Bon, yon pati nan Li byen." Men, si tout nan li pa bon, Lè sa a, sa fè l yon enkwayan. Ou dwe kwè tout ti pwen ak chak ti vigil, e tout sa ki di ladann. Li ta dwe vre. Si se pa vre, si w di kounye a, "Mwen pa kwè sa,"ebyen, lè sa a ou se yon enkwayan.

174 Gen yon kanmarad ki te di m, yon fwa, yon—yon minis te di: "M pa fè ka, Mesye Branham, konbyen moun ou ta ka pwodui ke—ke w te di ki te geri, mwen pa ta p kwè sa."

175 Mwen te di: "Sètènman non, ou pa ka kwè sa. Ou se yon enkwayan. Se pa pou ou. Se sèlman pou kwayan yo."

176 Ou dwe kwè Li. Ou wè? E yo pa kwè Li. Kidonk, lè w wè yon moun nan pozisyon sa a, Pòl te byen pale de (pwofèt la), li t ap di ke yo t ap "entete, oten, renmen plezi plis pase renmen Bondye; gen aparans pyete, men nye sa k fè fòs la, Pouvwa Pawòl la; detounen de yon tèl bagay." Remake, yo nye tout Pawòl la, men sou tout fòm yo reliye. Yo se enkwayan nan vrè Pawòl la, menm si li konfime.

177 Atravè chak aj, Bondye te konfime Pawòl moun sa yo ke m te pale de yo a, Noe, epi desann travèse Moyiz, ak tout pwofèt yo, elatriye. Bondye te pale atravè Sinatirèl la epi li jistifye Pawòl la, e poutan moun sa yo te vire do ba li.

178 Epi men disip sa yo ki te kanpe la a, swasanndis yo, e yo t ap gade Jezi ap fè sa L te fè yo, e yo konnen Ekriti a, epi L t ap di yo se te nan laj sa a ke sa te gen pou rive. Apre sa lè L te di konsa, "Fis de lòm nan! Kisa w ta di?" Lè li te kòmanse pale yo sou brize pen an, elatriye, epi L te kontinye pale ak yo sou bagay ekstraòdinè, espirityèl yo. Apre sa, yo di, "Oh, sa a se yon langaj difisil!"

179 Li te di: "Kisa w pral di lè sa a si, Fis de lòm nan, ou wè l monte nan syèl la kote l soti a?" Li te di: "Èske se chè a oswa èske se Lespri a ki bay lavi ?" Ou wè?

180 Apre sa, yo te vire do yo, dizan: "O, Sa, non, mwen pa ka kwè Sa." Ou wè? Yo te vire do sou Pawòl la. Yo p ap menm rete pou wè sa k ap pase. Sa se—sa se enkwayan an.

181 Yo, kisa yo fè lè sa a? Nou jwenn ke yo, ke moun sa yo, kwayan sa yo, yon fo kwayan an, men nan fòm relije, men yo fayi pou yo wè Verite Pawòl Bondye a idantifye paske se kont kwayans yo. Ou wè?

182 Sa ou kwè pa fè okenn diferans, kijan ou fidèl, kijan ou relije, oswa, sa pa gen okenn rapò avèk li. Senserite, poukisa, sa pa gen okenn rapò avèk li. Mwen te wè moun si tèlman sensè! Mwen wè payen yo boule pitit yo, bay kwokodil manje yo, manman ak tibebe yo. Sa plis pase sa yon Kretyen ta fè. Ou wè? Sensèman yo kwè, sensèman, men yo te sensèman antò.

183 Moun di: "Ebyen, legliz sa a kanpe!" Sa, ou sensèman antò, si li kontrè ak Pawòl la. "Oke, kounye a gade, mwen pa kwè nan bagay konsa!" Lè, Bib la te di Se konsa, malgre tou! Ou wè? "Mwen pa kwè ke nou oblige fè sa." Se pa enpòtan sa w panse ke ou pa oblige fè. Bondye te di li dwe fèt.

184 "Siy sa yo pral swiv yo." Konbyen tan? "Pou tout mond lan." Kiyès?

"Pou chak kreyati." Ou wè, li pral ye! Kounye a, pral ye, li pral ye!

185 Epi Mesaj lè sa a ke n ap jwi kounye a, Prezans Bondye, dènye jou a, kouche solèy lè Limyè yo klere, ak bagay sa yo ki te louvri, ak Pawòl la konfime e li te pwouve se Verite a; toulède pwofetize, reyalize, tout atravè lasyans elatriye, te pwouve ke se Sa, "Jezi Kris menm la yè, ak pou tout tan." Epi, yon nonm vire do sou Li, li se—li se yon enkwayan. Li san espwa. Li angoudi pa pouvwa Satan, kidonk pa gen espwa pou li. Li san espwa.

186 Kounye a kisa sa ye? kwayan an; kounye a enkwayan an; kounye a twazyèm klas la, n ap pale sou, fo kwayan an. Sa se ti gason an, swadizan kwayan! Kounye a, sonje, toulètwa te

kanpe ladann. Kounye a, nou jwenn kounye a, yo fè egzakteman menm jan ak papa yo, Jida.

Te gen Pyè ak rès apot yo, ki te kwè.

Te gen swasann dis yo, enkwayan.

187 Epi, te gen Jida, ki te kenbe kout, li te yon swadizan kwayan. Kisa yo fè? Sa a se kategori ki kenbe la jiskaske yo ka jwenn yon bagay, yon fot nan li. Yo ap chèche chak fwa pou yo jwenn yon fay, wè kijan sa fèt, gade si se yon stratajèm, si se yon astus. Yo ap tann pou yo abandone. Yo ap chache sa.

188 Enkwayan an, li pa menm rete tann. Li kondane Li, epi li vire do l.

189 Kwayan an, kèlkeswa sa ki rive, li kwè Li, pe enpòt, paske Se Pawòl la.

Men twa klas ou yo.

190 Vye enkwayan an pral vire do l, sou premye bagay yo di, ke li pa renmen sou li. Frè, li pral montre koulè li nan moman sa a. Li se yon enkwayan. Pòl te di, "Yo te soti de nou, paske yo pa t nan nou, nan kòmansman an. Yo te kòmanse avèk nou." "O, ou te avanse byen; kisa ki ralanti w?" Ou wè li? "Yo soti, paske yo pa t nan nou." Lè yo wè Pawòl la pafètman an mouvman, poukisa, yo te vle jwenn yon jan de astus ke yo te kapab envante. Ou wè?

191 Men, vrè kwayan yo pa kesyone anyen. Li ekri nan Pawòl la, epi yo kwè Li, epi yo jis kontinye. Se sa. Toujou, se ekri. Si li pa ekri, poukisa, ou jis rete lwen li, pe enpòt sa k pase. Li dwe ekri. Ou wè? Epi yo wè sa Pawòl ekri a epi yo kwè Li. Epi yo wè Bondye k ap manifeste nan Pawòl Li , wè lè a, Mesaj la, tan an, epi yo mache avèk Li.

192 Jan m te di maten an, ke vye Pilat dwe te mache sou planche a, nan mitan nwit la, ak konsyans li enkyè, ap eseye netwaye tèt li. Epi li te di, mwen, san dout li te rele nan mitan nwit lan, li te di, "Mwen—mwen—Mwen te—mwen te lave men m, tout nwit lan, men mwen toujou pa ka konprann. Ou wè, yo pa pwòp. Mwen pa p janm ka al rankontre li; Mwen gen San sou men mwen." Olala! Ou wè, pa janm koupab de sa. Ou wè?

193 Li sou men w. Gen yon sèl fason ou ka fè l soti; se pou, aksepte Li, se vre, vin yon pati de Li. Se pou sa Li te vèsè.

194 Bon, moun ki fo kwayan an trennen e li aji osi relijyezman li kapab, men andedan nan kè l, li ap eseye jwenn sa ki—sa ki, ou menm, kijan ou fè li. O, si peyi a pa chaje ak kategori sa, ak ipokrit! Wi. Sa se yon Jida. Se egzakteman sa. Trennen alantou, vin fè pati gwoup la; li te trezorye a, ou wè. Li rete alantou li, li toujou genyen men li pandye pou lajan. Ou ka di ke, yon sèl bagay, li toujou ap chèche fè lajan, epi li gen men l pandye pou sa. Epi li se yon fo kwayan. Li aji tankou yon kwayan, men andedan nan kè l...

195 Ou sonje, li pa t ap twonpe Jezi. Apre swasann dis yo te ale, answit kwayan yo te montre pozisyon yo; epi li vire bò kote kwayan yo, Li te di: "Gen yon bagay toujou nan nou," paske li di, "Mwen chwazi douz, e youn pami nou se yon demon." Jezi te konnen, depi nan kòmansman, paske Li te Pawòl la. Li te konnen sekrè nan fon kè.

196 Ala sa te difisil! Kanpe yon minit. Panse seryezman, lontan, konsantre! Kijan li te dwe

difisil pou Li, mache laba a, ak yon nonm ki rele Li, "Frè," e li te konnen tout tan sa ke li te twonpè a ki ta pral deranje L, epi vann Li pou trant pyès ajan. Ala difisil sa te ye pou Li kenbe I sou lestomak Li, ak zanmi Li yo k ap mache ansanm laba a. Menm Li menm te di: "Zanmi," te rele Jida zanmi L, "Èske mwen pa t avèk ou, tout tan sa a?" Li te konnen nan kè Li, men li pa t kapab di li. Li te konnen nan kòmansman, kiyès ki t ap trayi I.

197 Genyen sa ki swadizan an ki jis ap tann. Li pral chante sa, di, "O, mwen kwè sa a, e mwen kwè sa a, e mwen kwè sa a. Men, o, ou konnen, mwen tande yon moun di se konsa entèl-entèl." O, ou wè, jis ak zorèy men longè.

198 Yon vrè kwayan pa tande lòt bagay ke Pawòl la. Se tou. Li veye Pawòl la. Li pa chèche okenn fay. Li pa p chache astus. Li kwè Bondye, epi sa sufi, epi li jis kontinye avanse. Ou wè? Sa se kwayan an.

199 Enkwayan an reyaji nan yon minit, epi li pa ka rete pou I koute dis minit nan Mesaj la. Li oblige leve, li soti. Se kont kwayans li, epi li jis pa pral gen okenn rapò ak sa, kidonk li vire do I.

200 Answit, fo kwayan an trennen la, Jida sa. Ou wè, sediktè sa. Sa a se-sa se koken an, si mwen ka itilize ekspresyon sa. Jida, kenben I kout. Sa a se tan an, kèk fwa, swadizan kwayan sa yo trè popilè pami pèp la. Se vre, fo kwayan an, ou wè. Kèk nan yo se dèzòm pwisan, edike, doktora, rich, tout bagay. Kèk nan yo se dèzòm pwisan, malen, egzakteman tankou pitit Satan yo ta dwe ye.

201 Gade kijan Satan vini dirèk laba a e li dakò ak tout bagay Pawòl sa a; li jis ap tann pou jwenn pwen fèb sa a nan Èv, kote li te kapab montre pouvwa I pou sedwi I, pou trayi I. Se te—se te Satan. Epi Satan isit la, sou fòm Jida, nan laj sa a. Se te Satan nan premye laj la. kisa li te ye? Dakò ak Pawòl la sof yon ti bagay; I ap eseye jwenn yon kote li jwenn yon feblès.

202 Epi se egzakteman sa ke Jida jwenn kounye a. Li pral vin chita nan reyinyon an, epi gade tout alantou jiskaske li ka jwenn ti kote sa, li, "Olala, se sa! Se sa!" Ou wè? "O, se konsa li fè !!" Ou wè? Se jis egzakteman.

203 Anpil nan nou sonje jou lannwit sa a lè mesye sa a te vini soti sou platfòm la. Li te panse ke se te yon telepati mantal pou li kat lapriyè yo, epi kijan li te panse li te gen rezon nan moman sa a. Frè, li—li te sèten li te gen rezon. Epi li vini. Li te fè pati yon legliz ki pa kwè nan—nan—nan bagay sa yo, nan Levanjil la, plen Levanjil. Apre sa, li moute sou platfòm la. Mwen te fatige. Yo t ap prepare pou mennen m ale.

204 Se te nan Windsor, Ontario. Laba a, soti bò kote- soti nan Etazini, bò kote Detroit, nan Windsor, gwo oditoryòm la.

205 Epi nonm sa a te monte la avèk yon kostim gri, epi yon kravat wouj, yon nonm ki parèt entèlijan, avèk yon lespri asere. Li monte sou platfòm la. Epi Mwen...Li te avanse. Apre sa, mwen te di, "Oke, jis kite m pran men ou." mwen di, "Mwen fatige; Mwen te wè anpil vizyon. Jis kite m pran men ou." Epi—epi mwen pa janm remake nonm lan. Epi li mete men I sou

mwen. Apre sa, mwen di, "Mesye, pa gen okenn pwoblèm. Ou mèt ale."

Li te di, "O, se sa m te gentan konnen."

206 Epi m te di: "Oke, kite m gade laba." Mwen te di: "Non, mesye, pa genyen yon sèl siy. Non, mesye, ou se yon moun ki an sante."

Li te di, "Ale gade kat lapriyè mwen an!"

207 Mwen te di: "Se pa enpòtan sa ou mete sou kat lapriyè w la." Mwen te di, "Mwen pa gen okenn rapò ak kat lapriyè," san reflechi, ou wè. Mwen te fatige epi epwize. Epi mwen... Men, gras Bondye, ou wè, te toujou la.

208 Ou sonje, si li voye w, se obligasyon l pou l pran swen ou. Se pa responabilitè pa m; se Li. Li voye Li. Mwen jis sipoze kanpe sou sa ki vre.

209 Lè Moyiz te jete baton li a atè, li tounen yon sèpan. Epi majisyen yo te fè menm bagay la, kisa Moyiz ta ka fè sof tann gras Bondye? Se tou. Se menm bagay. Li te suiv kòmandman yo. Epi ou konnen sa ki te pase, nèspa? Ou wè?

210 Nonm sa a te di: "Kounye a," li te di, "men li. Gade kat lapriyè mwen an."

211 Mwen te di, "Oke, ou te gendwa te gen anpil lafwa, epi ou te kapab fè li," san reflechi, ou wè. Mwen te fè... pa menm peye atansyon.

212 Apre sa, li detache manto li epi li monte lestomak li. Li te di, "Se sa m te gentan konnen!" bay odyans lan.

Epi, mwen te panse, "Kisa k ap pase isit la?"

213 Li gade alantou. Li di: "Se sa m te gentan konnen!" Li te di: "Ou wè astus la?" Se Jida ou a, yon nonm reliye, yon predikatè nan yon gwo denominasyon. Li te di: "Se sa m te gentan konnen! Mwen te gen 'anpil lafwa.' Kounye a, li vin tèlman fèb, li pa ka fè telepati a. Ou wè, li pa vin jwenn li non plis." Epi li di, "Se pa lafwa mwen ki te te tèlman gwo." Li te di, "Mwen te mete sa sou kat lapriyè a, men kounye a li pa ka sezi l, ou wè." Li te di, "Sa se astus la!"

214 Epi mwen te panse, "Kisa k ap pase?" Lè sa a, Gras Bondye a te desann.

215 Mwen te di, "Mesye, poukisa dyab la mete nan kè w pou eseye twonpe Bondye?" Yon Jida modèn! Mwen te di, "Ou se yon...nan legliz Kris la..." Eskize m. Oke, mwen fin di li. "Ou se yon predikatè nan legliz Kris la. Ou fè pati legliz Kris la, ki nan peyi Etazini. E nonm sa ki chita laba a ak kostim ble sa a sou li, ak madanm ou epi madanm li te chita laba a, ou te chita sou yon tab yè swa ki te gen yon bagay vèt sou li, yon-yon motif ki pwopaje konsa, epi ou te deklare ke sa a se te 'telepati,' e ke ou t ap vini aswè a."

216 Nonm sa a te leve. Li te di, "Sa se laverite absoli. Bondye, gen pitye pou mwen!"

217 Mwen te di, "Mesye, ou mete 'TB ak kansè' sou kat sa a, donk kounye a ou genyen li. Se pou ou kounye a."

Epi li te pran m nan pye pantalon, li te di, "Mwen pa t..."

218 Mwen di: "Mwen pa ka ede w. Ou mèt ale dwat devan. Sa se ant ou menm ak Bondye. Ou te ekri desten w dirèk sou kat ou a." Epi sa te atenn li. Sa te regle kesyon an.

219 Ou wè, fo kwayan yo, moun k ap twonpe moun, k ap eseye jwenn kèk fot nan Bondye ak Pawòl Li a. Se Jida yo ye. Se sa yo ye. Ou wè kijan Jida soti? Gade kijan nonm sa soti? Se konsa moun ki fo kwayan yo vini. Ou wè, fo-kwayan, o, trè edike, pafwa, epi yon gwo konfwontasyon vini ant Pawòl la ak kwayans yo. Epi, lè li fè sa, yo te kwit nan denominasyon yo a egzakteman tankou predesèsè yo a te fè, Jida. Jida te kwit nan denominasyon li; vann Jezi, Pawòl la, nan denominasyon li a, epi li te trayi Jezikri apre li te deklare ke li te yon pati nan Li.

220 Minis yo pafwa di yo se sèvitè Kris, poutan lè Pawòl la pafètman idantifye pou konfime jou sa a, ke li se Mesaj lè a, men yo pral vann li pou popilarite, nan denominasyon yo; jis egzakteman menm jan Jida te fè a, trayi Jezi bay Farizyen ak Sadiseyen yo. Lespri sa a pa mouri, kidonk gen sa a nan mitan kwayan yo, fo kwayan yo, ak enkwayan yo. Ou wè, sa jis egzak, li vini dirèk, li vann Jezi pou trant pyès ajan; e gen anpil moun ki pral fè li jodi a pou yon bòl manje, pou yon santèn dola anplis pa semèn; egzak, nye Bondye ki kanpe nan mitan yo, ki te achte lavi yo, ak plenitud Pawòl la.

221 Epi yo pral di: "O, jou mirak yo pasel!" oswa, "Bondye pa bezwen yon bagay konsa jodi a." Ou wè? "O, mwen kwè nan Jezi Kris la, Ptit Bondye a! 'Bonjou Mari, manman Bondye, ou beni pami tout fanm!'" Yo di tout lòt bagay sa yo! Epi kèk nan yo di: "Mwen kwè nan Kredo Apot yo. Mwen kwè nan Bondye Papa a, Toupwisan, Kreyatè syèl la ak tè a. Mwen kwè nan Sen Legliz Katolik Women an, ak tout bagay sa yo."

222 Di m ki lè apot yo te janm gen yon kwayans konsa. Si apot yo te genyen yon sèl kwayans, li te ekri nan Akt 2:38, "Repanti epi batize, chak moun, nan Non Jezikri, pou padon peche yo, epi ou resevwa don Sentespri a." Si te gen nenpòt kwayans pou yo, sa te li. Yo pa te gen okenn kwayans. Se te Pawòl la. Se vre. Li toujou rete menm jan an. Sa se preskripsyon pou geri maladi peche a, "Epi w ap resevwa don Sentespri a! Repanti epi batize pou padon peche yo, ou wè, epi w ap resevwa kado a Sentespri a."

223 Men, yo vann, tankou Jida. Sa se fo kwayan an. Enpe nan yo se moun ki gen anpil talan. Epi fo kwayan sa, gade mesye sa a, mesye malen sa. Ti mesye sa ki moute vit, epi ki eve epi kouri soti, a chak ti fraz ke li pa renmen, ou pa peye okenn atansyon ak li; li se jis yon enkwayan, pou kòmanse. Men, lè ou wè mesye sa a, yon fo kwayan, pandye la, ou wè, se Jida. Sa se li.

224 Tankou gwo talan. Mwen pral rele kèk non isit la. Dayè, mwen reyèlman pa ta dwe fè li, men mwen pral rele yo, de tout fason, pou ke ou kapab konnen li. Tankou, Elvis Presley, Red Foley, Ernie Ford, Pat Boone. Elvis Presley, yon pannkotis; Pat Boone, yon legliz Kris la; Red Foley, yon dyak nan legliz Kris la; e mwen panse Ernest Ford se yon Metodis. Ak tout moun sa yo ki gen talan sa yo, entelijan, ki nan televizyon. Epi moun di: "Oke, èske yo pa reliye? Yo ap fè chante." Sa pa vle di anyen. Wi mesye. Y ap tronpe mond lan!

225 Kisa yo jwenn nan li? Jida te resevwa trant pyès ajan. Elvis, yon pakèt machin Kadiyak,

ak yon santèn, oswa de, yon san senkant milyon dola dola, oswa yon milyon dola nan kontra anrejistreman ak bagay konsa. Pat Boone ak rès yo. Li pa enpòtan nan ki legliz yo mache, ni lòt bagay, se ipokrizi. Li se yon fo kwayan. Se yon parad. Sa, lavi yo pwouve I, sa pa bon. Egzak.

226 Answit, gen moun ki gen talan ki se gwo òganizatè, sajès monn nan. Yo preche Levanjil la, yo pretann; nonm entelijan, entelektyèl. Koute, yon nom ki resevwa fòmasyon nan domèn sa a, li pa yon predikatè. Li se yon konferansye. Se sa ki pwoblèm jodi a, nou gen konferansye.

227 Jezi pa t janm di: "Ale antrene pou w fè sa". Li di: "Ale preche

Levanjil la, e siy sa yo pral suiv predikasyon an." Ou wè? Ou wè?

228 Sa a se pa aprann fabrike yon konferansye ki ka kanpe epi jis, o lala, mete bagay fleri nan li, fè ou santi tankou ou chita dwat nan prezans yon arkanj. Se pa sa. "Gen fòm sentete," ou wè, sa a se yon konferansye, pa Sentespri a nan aksyon.

229 Gen kèk ti jenòm ki ka pa konnen ABC, li ta ka vini desann ak pouvwa a nan lafwa ak Pawòl la; epi fè Sentespri a fè bagay ke nonm sa a pa konnen ditou, epi nye li. Ou wè? Alò vwala.

230 Dè moun fòmidab! Wi mesye. Alò, yo se òganizatè. Yo pwospè, gen siksè, entelijan nan sajès monn nan.

231 Egzakteman menm jan Satan te fè Èv, ti fi sa a ki san defans. Li te vin jwenn li epi li te eseye vann li ak lide ke li ta kab pi saj ke jan li te ye a, e se sa li t ap chèche. Olye pou rete dwat ak sa Pawòl la te di, li—li te vle vann li ak lide li ta kab gen plis sajès, epi li te achte pwodwi li a. Epi yo toujou fè menm bagay la jodi a. "Sajès monn sa a se foli pou Bondye." Wi mesye.

232 Non, mesye! O lala, menm bagay farizyen yo te vann, epi yo te fè, ou wè, ak sajès ke yo konnen an. Men—men refize tout Pawòl Bondye a.

233 Lè Li pwouve pafètman e Li konfime ba yo, yo toujou eseye jwenn yon bagay, epi yo panse Se yon astus. Yo pa konvenk nan lespri yo. Yo pa ka kwè Li. Ou ka di yo nenpòt bagay, epi yo tounen ankò; ou ka di yo nenpòt bagay, yo ap tounen ankò. Epi yo jis... Epi Li pa ka anrasinen nan yo menm, ou wè. Epi gade yo; y ap gade pou yon tan, jis yon fay. Se tout sa yo vle.

234 Se sa ki, si se pa t pou gras Bondye, tout fay mwen yo ta ekspoze, si mwen te gen okenn. Ou wè? Se gras Bondye, paske la pa gen okenn fay nan Pawòl Bondye a; jis Levanjil sèlman. Mwen te toujou di, nenpòt moun, si ou wè mwen anseye oswa fè nenpòt bagay ki pa egzakteman ak Pawòl Bondye a, vin di m. Men bagay ki kouvri fay ke w ap eseye jwenn yo. Jis mete je ou sou Sa, epi ou pral wè pa gen okenn fay, paske pa gen okenn fay.

235 Kounye a, sonje, Jida te panse li te jwenn youn. Li te panse li jwenn youn. Anpil fwa, yo panse yo jwenn li, men li pwouve answit ke se pa sa. Sa se fo kwayan yo, ipokrit yo. Yo gen katrevensenk pou san sou Pawòl la, se konsa Èv te ye, men, katrevendisnèf nèf dizyèm; men

se yon dizyèm sa a ki te lakòz tout lanmò ak lapenn.

236 Se sèl bagay ki kondane òganizasyon an ak bagay sa yo, paske yo pa pran tout Pawòl Bondye a. Sa se fo kwayan yo. Nou jwenn ke li te toujou konsa, men refize verite a, yon Pawòl konfime. Sa yo toujou la nan chak jenerasyon. Nou jwenn yo pandan ke yo kontinye ale, epi tou trè relije.

237 Kounye a, m ap prepare m pou konklu kounye a, paske mwen te pran yon lòt demi èdtan.

238 Jezi, nou dekouvri ke li te avèti nou kont dènye jou sa yo epi kont kalite moun sa yo, ke yo t ap tèlman sanble bagay reyèl la, ke yo

ta absoliman ta twonpe vrè Eli yo. Kisa sa ye? Se Jida yo, pèp la ki ale byen lwen. Gade, yo-yo menm ka kriye, rele, proklame yo chase move lespri yo, tout bagay, answit vire epi nye Pawòl la. Egzakteman. Yo gen yon fòm sentete. Yo ta—yo ta—yo prèske...

239 Gade kote Jida te vini. Lespri Jida te grenpe nan Levanjil la, jiska plas Pannkòt la. Men, lè tan an rive pou li gen batèm nan Non Jezikri, ak lòt bagay sa yo ki ale avèk batèm Sentespri a, li te vire pòs li. Li te montre koulè li. Epi lespri sa a ka viv nan denominasyon sa yo jiskaske li vin dirèk Verite sa a, answit, li desann tousuit tounen, tankou lespri ki sou yo a, ki presede yo; menm fason Jan te presede vini Jezi.

"Kounye a, ou di, 'Jezi te di yo ta dwe tèlman pre."

240 Kounye a, "Eli", se kategori sa a ki te gen non yo nan Liv, soti nan fondasyon an Lavi a, ki kwè, oswa fondasyon mond la, ki kwè tout Pawòl Lavi a. Sa se Eli yo.

241 Kounye a, veye moun sa yo. Kounye a, mwen di sa ak reverans ak respè, ak lanmou Bondye; si mwen pa fè sa, mwen—mwen—mwen—mwen bezwen yon apèl a lotèl, mwen menm. Remake, Jezi te di yo t ap twonpe vrè Eli yo. Kounye a, sa pa ka Metodis, sa pa ka Batis; nou konnen yo se enkwayan, pou kòmanse. Men, se òganizasyon pentkotist yo ki te sòti nan denominasyon sa a, te trase liy yo, san Pawòl la; epi te trase yon liy epi yo te mete pwòp òganizasyon yo, epi yo rejte Pawòl la. Yo ta twonpe vrè Eli yo, si pafètman sanblab! Yo di: "Yo kriye. Yo rele byen fò. Yo sote monte-desann. Yo reklame sèvis gerizon." Se konsa Jida te fè sa, ansanm ak tout rès yo. Lè yo te ale, retounen ap rejwi ak tout bagay, e menm te gen non yo ekri nan la Liv Lavi Anyo a.

242 Men, sonje, Epouz la pa—pa—pa vini nan sa gwoup. Li ale nan Anlèvman an.

243 Nan Jijman an, jijman an te fikse, "Epi liv yo te louvri, mechan yo; ak yon lòt Liv, ki se Liv Lavi a, li te ouvri," epi vwala Epouz la te la pou jije li. Ou wè? Ou wè? "Yon lòt Liv te louvri, ki se Liv Lavi a." Sa se brebi yo sou yon sèl bò, ak bouk kabrit yo sou lòt la. Ou wè, moun ki te mouri lontan pase, ki pa t janm te gen opòtinite a, se yo menm ki pral separe.

244 Men kounye a remake, "sedwi" menm Eli yo, gade gwoup sa a.

Sa se gwoup sa a ki swiv toutolon, "Wi, frè. Alelouya! Wi. Glwa pou Bondye!" Epi nan fon kè w ou wè poukisa yo ap travay; ou gen nan legliz (poukisa?) rale yon foul moun, senyen yo pou chak ti kòb yo ka pran nan men yo. Ou panse mwen pa konnen sa? Yo ka pa panse mwen

kommen sa, men mwen konnen sa.

245 Depi nan kòmansman, Jezi te konnen ki moun ki te sediktè a. Ou wè? Ou wè? Men, kisa li te fè? Li jis tann jouk lè sa a. Se sa nou dwe toujou fè, tann jouk lè sa a. Pa deplase pwòp tèt ou. Tann jiska minit sa.

246 Gen yon fòm pi-..., epi ale dwat, sa se gwoup atiran an. Gade tronpe sa a, gwoup sa a la; pa la—pa kwayan an, pa enkwayan an, men fo kwayan an. O, lala! Kisa y ap fè? Jis sakle jiskaske yo panse yo ka jwenn yon bagay, rale chak pyès lajan ke yo kapab nan men pèp la, ou wè, answit, anpile li moute nan gwo òganizasyon sa yo; ki absoliman an kontradiksyon, yo yo konnen li. Ou wè, yo konnen li.

247 Sa ou di a pa fè okenn diferans. Yo te toujou avèti pèp yo anvan ou vini, "Pa koute li."

248 Yon nonm, ki gen odas pou kanpe la nan Ohio, jis lè Frè Kidd te geri a, li soti sou platfòm la, li te di: "Kounye a, Frè Branham se yon pwofèt, san okenn dout, lè li anba onksyon an. Men kounye a," li te di, "lè oksyon an soti sou li," li te di: "Pinga ou kwè Ansèyman li a, paske li pa bon."

249 Epi li pa t konnen, ke pandan m te chita nan chanm mwen an, Senyè a te revele sa a mwen menm. Apre sa, mwen te mache tout dwat laba a. E anpil pamì nou te la. Mwen te di: "Poukisa yon nonm ta di yon bagay konsa, lè Pawòl la..." Kounye a, ou wè, mwen pa jam di mwen te yon pwofèt; li te di sa.

250 Epi pwofèt la, mo pwofèt la, "vwayan," Ansyen Tès-...Kounye a,

Vèsyon anglè mo pwofèt vle di "yon predikatè". Men, Ansyen Testaman an *vwayan* se te yon nonm ki te gen "Entèpretasyon divin Pawòl la,"

e li te pwouve pa Pawòl la ki vin a li menm e li te predi li. Se te kisa...

251 Epi, yon nonm ki di yon nonm se yon pwofèt, epi answit di Ansèyman li a pa bon? Si se pa yon stratajèm pou fè lajan, se kisa? Lè a ap pwoche kote bagay sa a pral parèt klè nan je tout moun. Wi. Men, se kategori sa a ki, ki fo kwayan an, frape tape w nan do, rele ou "frè," menm jan ak Jida. Men, sonje, Li te konnen depi nan kòmansman. Li toujou konnen. Wi mesye.

252 Sonje, tout moun sa yo k ap koute band sa a tou, se vre, ou nan youn nan klas sa yo. Se egzakteman sa. Kounye a, nou pralacheve. Chak moun ki la, preznan, chak moun ki koute band sa a; e menm si yon jou mwen kite mond sa a, band sa yo pral toujou kontinye viv. Se vre. Ouwè? Epi ou nan youn nan klas sa yo. Ou oblige youn pamì yo. Se sa egzakteman. Ou pa ka chape anba li. Ou nan youn nan klas sa yo.

253 Kounye a kisa? Idantife tèt ou ak yon karaktè biblik ki te kwè, kote ou te kwè Pawòl la lè li te konfime, menm jan mwen te pwouve I aswè a, ke li te yon Pawòl konfime toujou, toujou kontrè ak kwayans popilè a.

254 Si w ta viv nan epòk Noye a, kounye a, kite m jis mande w: sou ki bò ou ta p ye, bò legliz

la oswa bò Noe, pwofèt la? Ou wè?

255 Si w t ap viv nan epòk Moyiz la, èske w t ap kwè

Mesaj Moyiz la apre Bondye te pwouve l epi konfime li? Men eske ou ta p ale ak Kore epi Datan ak rès yo, e te di: "Ou pa sèl moun ki sen. Lòt moun ka fè bagay sa yo ke ou fè tou"? Ou wè? Ou ta p oblige youn ladann, epi ou se youn, aswè a.

256 Oubyen èske w t ap ak Danyèl, oswa ak legliz ki te laba a nan fèt Nèbikadneza t ap bay la? Ou wè? Ou t ap

deyò a, oswa ou ta p desann nan fèt la, nan-nan gwo bagay yo t ap fè a?

257 Èske w t ap avèk Eli, nonm sa a ki kanpe pou kont li, ki rele, "yon vye dejwe, yon moun fou," epi kanpe sou tèt yon ti mòn, ak tèt li byen klere laba anba solèy la, ak yon baton kwochi nan men li, zwazo yo k ap nouri l, uh-huh, kèk dejwe? Oswa ou t ap ansanm ak prèt yo ansanm ak tout moun ki te la yo ansanm ak Jezabèl epi rès fi ak vètman modèn? Eli te kanpe la, li t ap pale byen fò yo, ak tout fòs ke li te kapab! Nan ki pati ou t ap mennen madanm ou? Jis panse. Jis imajine tèt ou aswè a.

258 Nan epòk Jezi a, èske w t ap ak Ti gason sa a ki pa t genyen kalifikasyon? Li pa t afilye ak denominasyon yo. Yo di: "Nan ki lekol ou soti? Nou pa genyen Ou nan dosye nou isit la. Kijan ou jwenn sajès sa a? Kijan ou janm ka aprann si nou pa t anseye ou bagay sa yo? Nan ki lekòl ou te pase? Èske w se metodis, Presbiteryen, oswa Batis?" Li pa t yonn nan li. [Yon frè di, "Te gen Pawòl la." — Ed.] Se vre. Li te Pawòl la. Se egzakteman sa, frè. Eske ou...

259 Oubyen èske w t ap pran pozisyon ak Farizyen kwayans modèn yo vye prèt enb la ki te sanble tèlman dou epi janti, ak òganizasyon an ki te kanpe depi Konsèy Nicea a, oswa depi Luther te òganize l? Oswa ki sa—nan ki gwoup ou t ap ye? Èske w t ap nan... Ki gwoup ou t ap ye? Èske ou ta kanpe ak Pawòl la lè ou wè Li konfime epi te pwouve ba ou, Li te mesaj jou a, oswa ou t ap pran pozisyon legliz la? Koulye a, jis imajine tèt ou aswè a.

260 Èske nou tap la a avèk apot yo, lè yo te wè Jezi ak tout bagay misterye sa yo, lè Li te reprimande predikatè sa yo epi L te di: "Nou se bann vèmen" ? Granmoun predikatè onèt sa yo te etidye Pawòl sa a. Li te di: "Nou pa anyen lòt ke yon kachèt pou vòlè, e nou-nou plen ak zosman mò. Nou pa anyen lòt ke yon tonm yo blanchi nan simityè." Wè? "Bann vèmen." Èske nou tap kanpe avèk on Moun vif konsa, ki te kanpe la a epi ki tap reprimande epi ki tap kraze brize? Li te di: "Kiyès nan nou ki ka akize M ke Mwen peche? Si M pa fè sa Papa a di..."

261 Yo te di: "Pa koute L. Nèg sa a gon move lespri sou Li. Li fou. Li fou nèt. Li-Li gon lespri dyab sou Li. Wè? Kounye a, li... kijan L fè sa, Li, se yon lespri divinò ki nan Li. Nou di...Kisa

L ye? Manman L te fè L anvan limenm a mari l te marye. Wè? Wè? Ki lekòl Li soti? Nou pa menm gon sèl rapò de Li ki te janm ale Lise."

262 E poutan lè L te gen douzan, Li te etone epi Li te konfonn sakrifikatè yo, avèk Pawòl Bondye a. Wè? De ki lekòl Li soti? Lekòl Anlè a. Wè? "Lè nap wè Fis de lòm lan desann de la kote L te ye oparavan." Wè, se te lekòl Li.

263 Men èske nou tap kanpe avèk apot yo, avèk on Nonm konsa, nan moman konfwontasyon an?

264 Oubyen èske anfèt nou tap pati avèk swasanndis yo, epi nap di: "Ebyen, nap tounen nan legliz nou si se konsa Ou pral anseye, ap di ke, Ou se 'Fis de lòm'? Alò, aprè tou, kiyès Ou ye? Kisa W ye? On nonm tankou m, mwen manje avè W, e Wap eseye di ke Ou son bagay. Mwen obsèvè W. Mwen wè feblès Ou. Mwen wè W kap kriye. Mwen wè W fè sesi, sela, ou *lòt bagay*. Mwen W ki ale nan dezè avè nou, epi tout lòt bagay sa yo konsa, epi Ou se jis on nonm. Epi Ou di ke Ou desann de Syèl la. Sa a twòp pou mwen." Èske nou tap mache avè yo? Oubyen èske nou tap pati avèk swasanndis yo? Oubyen èske nou tap kontinye mache avèk apot yo epi Kris?

265 Lè Sen Martin te eseye kenbe batèm lan nan Non Jezikri, nan legliz la, lè li te eseye kenbe siy yo ak mirak yo, e bagay sa yo, epi ke legliz Katolik la te kondane nonm sa a epi l pat vle rekonèt li ditou, epi te chase li, èske nou tap ranje kò nou avèk kredo Katolik la, oubyen èske nou tap kanpe avèk Sen Martin? Lè li te refize plase tout kalite imaj mò sa-sa yo, epi adore yo, adore imaj sa yo, e ensidswit, lè li te refize dogm ki te vin ajoute, li te di: "Ke Pawòl la vin Veritel!" Epi Bondye te konfime l ak gwo siy e mirak, epi sa l te predi te rive. Epi tout sa l te fè, li te mache nan Lespri Bondye epi te pwouve l, epi pa yon sèl nan predikatè sa yo, te ka fè yon bagay apwopo de sa. Èske nou tap pran pou li epi mache avèk Sen Martin, oubyen èske nou tap swiv kredo Katolik la?

266 Kounye a Pawòl la, kounye a Pawòl Bondye a ou dogm legliz la, devan nou. Èske nou ka pran, aksepte sa dogm legliz la ap di, oubyen èske nou pran sa Pawòl la di?

267 Sonje, nan tout laj yo, se te menm jan tankou kounye a. Toujou gon kwayans popilè nan mitan moun yo, epi li te toujou on ti jan kontré a vre Pawòl la. Sonje, li pat janm kesyon pou nye L konplètman. Oh non. Antikris la pa renye Pawòl la. Sètènman pa. Li di ke I kwè L, men pa totalman jan Li ekri isi a. Wè? Wè?

268 Satan te pale avèk Èv, Èv te kwè tout Pawòl la, eksepte ti pati sa a ke li di l. Moun yo kwè tout Sa sof on ti pati, li te ka: "vanse vè batistè a , " li ka yon lòt bagay; ou dwe aksepte L, chak pati, menm jan L ye *La a*, wè, menm jan L ekri *La a*; sa ka pouse w pou refè kèk premye zèv, men se egzakteman sa Pawòl la te di. Se konbin Satan depi ke I te sèvi avè l sou Èv pou premye fwa, jis pou pa kwè on ti kal nan Pawòl la.

269 E Li toujou separe twa klas moun sa yo, Pawòl la separe moun sa yo. Se te konsa, nan chak aj. Chak aj ki te egziste, se te konsa, lè Bondye voye on bagay sou sèn lan epi Li konfime L klèman, Pawòl Li.

270 Apresa gen sila yo ki swiv, ki pretann yo se kwayan, e se sa yo ye. Gen sila yo ki pa tap vire tounen. Yo kwè Pawòl la. Toutotan ke nou rete nan Pawòl lan, yo kwè Li.

271 Men lè Sa vin on tikal kontré, sa pa enpòtan nan ki pwen Bondye identifié Li a sa yo kwè, yo di: "Ebyen, m—m—m pa konn *Sa a*." Sa se enkwayan an.

272 Oswa nou swiv jis pou wè jouk nou ka gen yon chans pou di: "En en, men nou!" Yon Jida pou ponyade yon moun nan do, tankou l te fè a. "M te konnen li tap soti, to ou ta. Men nou!" Sa se swadizan kwayan an. Chak, chak bout nan li, nou wè l nan Bib lan.

273 Yon ti gason yon fwa, anba isi an nan Kentucky, ki te leve anwo nèt nan mòn yo, li—li pat janm te nan viwonn yon miwa pou gade. Yo te gen yon ti moso ki akwoche sou yon pyebwa, men li pat janm wè tèt li. Yo di, li te vin isi an nan Louisville, epi li te rete ak sè manman l. Epi li te viv nan youn nan bèl kay yo, yon kay ansyen mòd. Lè yo t ale nan youn nan chanm yo—yo ki te gen yon—yon pòt ki te gen yon miwa sou tout wotè l, tout anwo anba pòt lan nèt. Ou wè?

274 Epi lè ti bonnonm lan te kòmanse ap kouri nan kay la, li te kanpe. Ti Johnny te wè ti Johnny. Ou wè? Epi l te grate tèt li, epi ti Johnny nan miwa an te grate tèt li. Li te ri, epi ti

Johnny nan miwa an te ri. Li te sote ponpe, epi ti Johnny te sote ponpe nan miwa an. Ou wè? Li te mache vin byen pre. Li te panse se te yon ti gason li te ka jwen avè l, kidonk li te mache vini. Dirèkteman, li te pike sou vit lan. Li te vire tounen, epi paran l tap gade l. Li te di: "Manman, se mwen."

275 Kounye a nou gade nan Sa a, epi kiyès ki nou? En en. En en. Ki moun nan ti Johnny sa yo n ap imite? Ki moun ki nou, nou wè? Nou se youn nan yo.

276 Se youn nan yo, youn ki tap vire tounen, premye fay nou te jwenn lan, ke nou te rele yon fay. Ou wè?

277 Teste l ak Pawòl la epi wè si se vre, si Pawòl lan pwouve tout bagay. Ou wè, pwouve tout bagay pa Pawòl lan. Jezi te di sa. Wi, mesye. "Kenbe fèm nan sa ki bon." Se egzakteman sa Li te di.

278 Kounye a gade nan miwa Pawòl Bondye an, nan lòt laj yo, epi wè nan ki gwoup nan twa sa yo ke nou tap idantifye. Kounye a jis reflechi, si nou tap viv nan epòk Noye, si nou tap viv nan epòk Moyiz, si nou tap viv nan epòk Jezi, oswa youn nan yo, kèlkeswa sa l ye a, jis reflechi ak ki gwoup nou tap idantifye. Reflechi a sa aswè a.

279 Apresa, eta aktyèl nou. Kounye a, jis reflechi kounye a. Sa a fon kounye a. Epi pa kouri sou li. Eta preznan nou kounye a pwouve nou ak ki gwoup nou tap idantifye anvan la a. Kounye a, nou se pwòp jij nou, pwouve sa nou ye.

280 Reveran, minis, ak ki gwoup nou tap ye lè Jezi te fè deklarasyon sa a ki te di pou kwè? Kisa? Kisa? Apre Li te idantifye nèt ale ke Li te Pawòl lan, ou wè, e poutan, deklarasyon sa a, nou pat jamn tande pale de anyen kon sa: "Fis de lòm lan, kisa n ap di si Li monte anwo nan Syèl kote Li soti an?"

281 Epi nou te di: "Ebyen, m konnen kote Li te fèt la. M konn papa L, m konn manman L, e men Li di Li pral monte nan kote L soti an." Sa tap on tikal twòp pou ou, se pa sa, mesye? En en. Li tap jis on ti kal twòp pou ou; nou pa tap ka sipòte Sa. Petèt se menm bagay la jodi a. Alò gade nan miwa Pawòl Bondye an epi wè kote nou kanpe. O, yon enpostè, piga nou jamn fè sa.

282 Gade, nou nan youn nan klas sa yo. Nan eta prezan nou kounye a menm, Eta lespri prezan an, ke, nou isi an nan oditwa vizib sa a, e noumenm ki pral nan oditwa envizib kasèt sa a, eta lespri prezan nou apre nou tandé kasèt sa a, pwouve nou nan ki klas nou ye. Li di nou egzakteman kote nou ye, kit nou se yon kwayan nan Pawòl la epi ap rete avè L, kit nou tap mache soti, oswa etenn kasèt sa a. Hmm? Sa di kisa nou te fè. Nou pa vle koute Li, epi etenn Li, di: "M pa vle koute Sa," sa, se enkwayan sa a. Ou wè, Nou pap kanpe pou teste l epi wè si se Verite ou non. Ou wè? Oswa jis ap trennen nan viwonn lan epi ap eseye jwenn kèk fot avè L, apresa nou konn kote nou ye, tou. Li di nou.

283 Bondye ede nou kwè Li epi kanpe sou Li, epi pou n fidèl avè L, epi obeyi Pawòl lan, paske Li se Pawòl la. Èske nou kwè sa? [Asamble di: "Amèn."—Editè a.]

Annou, annou priye.

284 Chè Papa ki nan Syèl la, ala sa di, pafwa, pou di bagay sa yo, epi konnen ke petèt di mil moun ap tandé sa sou kasèt lan, antan yo travèse peyi an epi fè tou mond lan. Men, Chè Seyè, se vre, li tèlman vre. M priye, Seyè, an premye netwaye kè mwen. O Seyè, teste mwen, epwouve mwen.

285 Jis gade mwen, Seyè. M fèb. M—m—m...M—m fatige. M—m bouke. Gòj mwen anwe. Bouch mwen—mwen—mwen deseche, kòm. E, e kò mwen ap depafini, m ap vin granmoun. E—e pap gen twòp tan ankò, Seyè, petèt, twòp vire solèy, jouk—jouk ma—ma prale.

286 E kounye a tcheke m, kounye a, Papa. E si—si gen yon bagay ke m ap fè mal, epi m pa konn sa, Ou—Ou jis revele l ban mwen, Seyè. Ou, Ou montre m. Mwen, m pare kounye a pou ranje tout.

287 M gade tèt mwen bò la a nan miwa Pawòl Bondye a. Ki kote m kanpe? Èske m wè imaj mwen kap bay reflè Jezikri? Èske sa se moun mwen wè nan miwa an? Èske m wè youn nan kwayan Ansyen Testaman yo, oswa kwayan Nouvo Testaman yo? Èske m wè yon swadizan kwayan? Èske m wè tèt mwen kòm yon enkredil ki pat kanpe epi koute Pawòl la, epi tap pran lide denominasyonèl lan nan plas li? Èske m wè tèt mwen kap trennen nan viwonn lan, ap eseye jwen yon ti fay?

288 Seyè, si se sa, jis—jis netwaye m, Seyè. Kite kè m pwòp epi pi. Paske, se lavi mwen, Seyè, mwen...Se, m vle I dwat. Pa bezwen jis fè I mwatye chimen, si gen yon chimen ki pou fè I fèt vrèman. Mwen, m vle I ranje dwat, Papa. Pa sèlman sa, men m tap kondwi dèzòm mal, ak dè fanm mal, epi moun ke m renmen, epi ki renmen m; lè sa a, m tap antò.

289 E, Papa, si gen yon bagay, si m te panse aswè a ke nenpòt legliz denominasyonèl te gen rezon; oswa Konsèy Legliz yo te gen rezon, si majorite moun yo te gen rezon; Seyè Bondye, ede m pou gason ase, epi Kretyen ase, pou admèt tò mwen epi kanpe isi a epi voye moun sa yo nan kote mwen panse ki tap gen rezon. Netwaye m. Kite m gade epi wè. Men lè sa vini nan bagay sa yo, Seyè, otan ke m ka wè li, gen fòm sa yo epi renye Pawòl lan; nou ka di yo Sa, e poutan yo di: "Ebyen, Sa pa fè okenn diferans. Li...Bondye pa atann Li a Sa kounye a."

290 Seyè, m kwè ke Ou se menm Jezi an. Ou se menm Bondye a ke Ou te janm ye. Ou toujou Bondye, e Ou pa chanje. M kwè ke Bib sa a se Pawòl Ou, epi m kwè ke Oumenm ak Pawòl Ou se menm lan.

291 E m priye, Bondye, ke W ap ban nou Sentespri Ou, pou vivifye Pawòl lan, pou ban nou Pwisans ki vivifye an; ke, yon jou lè lavi fini, epi Ou fini avè nou, ke n ap vivifye epi monte anwo nan Syèl kote nou te ye, nan panse Bondye yo, anvan fondasyon mond lan. Bondye, akòde li.

292 Padone peche nou, Papa. Si gen dèzòm oswa dè fanm isi a, ki kanpe nan lòt klas sa a, a kote vrè kwayan nan Pawòl la, Bondye, netwaye kè yo. Si gen nenpòt kap koute sou kasèt la, oswa ap koute anndan, m priye pou netwayaj kè yo, ke W ap netwaye yo, Seyè. M—m pa vle wè yo pèdi. Bondye, m priye ke W ap—W ap ede nou konprann ke youn ki antò pap—pap mete dwat yon lòt ki antò. Gen sèlman yon fason pou fè I se fe toude ki antò yo soti nanchimen an, epi vin dwat. E m priye, Papa, ke W ap akòde nou sa, nan Jezikri Seyè nou.

293 Ak tèt nou koube, kè nou koube, kounye a m vle nou kanpe jis kèk minit.

294 Lè m te wè vizyon lanfè a, antanke yon—antanke yon ti gason, bagay terib li yo. Lè sa a, m ka antò nan sa. Sa te ka jis yon presantiman. Li te ka sa. M pa konnen. Sanble m te yon kote. Li te tèlman natirèl.

Apresa, sa pa fè lontan, lè m te wè wayòm sa ki beni yo.

295 Lè m te nan domèn pèdi yo, m te rele: "O Bondye, pa janm kite yon moun vin isi a!" Nou pa ka, pa gen okenn lang ki ka eksplike ban nou kisa bagay terib sa a ye. Pa gen okenn fason pou di nou. Si nou kwè ke gen yon lanfè kap boule, plen dife ak souf, sa tap yon—yon patiraj fre vèt ak lonbray devan vizyon de nan ki bagay terib kondisyon pèdi sa a te ye, epi mizè ki—ki asosye ak kote sa a.

296 E si m te eseye pale avè nou de bagay ki tap pilwen ke yon konprann imen, m toujou pa tap ka eksplike wayòm sa ki beni yo, kijan I pezib! Pou pa janm mouri, pou pa janm granmoun, pou pa janm malad; pou toujou jenn, toujou pou an sante, e pa janm mouri; Lavi Etènèl, nan jenès beni an, epi nanpwen peche oswa anyen lòt! O, jis pa gen okenn fason pou eksp...eksplike, eksplike li.

297 Men Sen Pòl, li te di: "Je pat wè, zòrèy pat tandé, nitou sa pat menm antre nan kè lòm," nou pa ka menm konprann li; pa gen okenn mwayen pou eksplike I: "sa Bondye genyen pou yo, an rezèv, ki renmen Li."

298 E kounye a, kòm sa a se vre sètènman, ni isi a ni nan oditwa envizib lan, nou reprezante isi an, aswè an, nan youn nan klas sa yo. Swa nou se dè kwayan otantik... Teste I ak Pawòl lan. Si Pawòl lan te di yon sèten bagay, epi legliz lan te di yon bagay diferan, kisa nou yap pran? Gade nan miwa Pawòl Bondye an epi wè nan ki klas nou kanpe. Si se pa sa nou ye, aswè an, ni isi a ni nan oditwa envizib lan, si se pa sa nou ye, si nou pa ak kategori sa a ki kwè, èske m te ka jis ofri yon mo priyè pou nou kounye a, ke nou tap vini nan kategori sa a ki kwè?

299 E èske nou siyifye menm bagay la, pa Bondye; ak tèt nou koube, kè nou koube, je nou fenmen, e devan Bondye? Pafwa moun yo jis on ti kal pè, nou konnen, pou on jan leve men

yo, pè vwazinay yo...Ke, yo pa ta dwe fason sa a, men yo—yo ta dwe dispoze rete kanpe, epi di: "Mwen, mwen antò. Mwen antò."

300 "Sila ki—sila ki kouvri peche I pap pwospere, men sila kap konfese peche li ap gen mizèrikòd." Ou wè? Kisa ki *peche*? "Enkredilite," enkredilite nan (kisa?) Pawòl la.

301 Kounye a, si nou pa nan klas sa a, epi gen dè bagay ke—ke nou wè nan Bib la ke nou jis senpleman...nan—nan pa nou...nan—nan entèlekyèl nou—nou yo, nou—nou pa ka wè I. Nou jis... Nou konnen Bib lan te di sa, men nou jis... Nou pa ka konprann li, e poutan nou vle fè I. Nou di: "Bondye, kite m gen konprann lan. M ap obeyi W."

302 Èske nou ta vle leve men nou, epi di: "Sonje m antan nou priye"? Bondye beni w. Bondye beni w. Se byen. Ou wè?

303 Vrèman jis panse a sa: "Èske gen on bagay nan Bib lan ke m—m jis—m jis pa konnen? M—m—mwen—mwen pè pou m al jwenn tèt mwen nan youn nan lòt kategori yo. Petèt m pral jwenn tèt mwen ak swasanndis lan, ke mwen... Gen jis kèk bagay ke mwen...Li twò difisil pou m konprann kijan ke—ke Bondye tap fè bagay sa yo, kijan Li te ka, kijan Jezi te ka menm lan, kijan—kijan bagay sa yo. M—m pa konprann Li. M vle konprann Li. M—m vle kwè Li. E, Bondye, ede enkredilite mwen. M—m vle fè pati de Li. M vle yon patisipan de Pawòl la . M vle Li nan mwen."

304 "Si nou abite nan Mwen, epi Pawòl Mwen abite nan nou, alò mande sa nou vle." Sen Jan 15. Nou konnen se vre. Gade: "Si nou abite," pa antre soti, antre soti, men: "si nou abite nan Mwen," e Li se Pawòl la, "e Sa abite nan nou, alò jis mande sa nou vle epi yo va nan nou li. N ap genyen I."

305 "Sila ki resevwa Pawòl Mwen yo, epi kwè nan Sila ki te voye M lan, deja pase de lanmò a Lavi." Men èske nou ka resevwa Pawòl la, an premye? Èske nou ka resevwa Pawòl la, tout Pawòl la, tout nan Kris? Kris se Pawòl wen an. Li se Pawòl la, wen:

306 *Kris* vle di: "Sila ki wen an," Pawòl wen pou jou sa a, ki manifeste, Sovè an, Redanmtè an. Se lè Li te dwe vini, e Li te Moun wen sa a pou pran plas sa a.

307 Kounye a se Sentespri an nan dènye jou yo, pou klere voye Limyè aswè yo, ap tounen restore Lafwa an [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] ke yo te pile, atravè denominasyon yo; ap kondane denominasyon yo epi ap tounen nan Lafwa orijinal lan, ak Lafwa Bib orijinal; Bib orijinal lan, nan kwè tout Pawòl nan Li, pa ajoute nan Li epi fè L di sesi epi di sela. Jis di L fason Li di an, epi nou vle kwè l fason sa a.

308 Èske gen youn ki pat janm leve men yo, ki ta vle leve men yo, epi di: “Bondye, sonje mwen”?

309 Bondye beni w, madam. Bondye beni w, jennfi. Bondye beni w, oumenm. Byen. Bondye beni w, ti mesye. Bondye beni w, sè mwen. “M vle Li. Mwen...” Bondye beni w, sè, sou bò dwat mwen. E beni w, dèyè an. “M vle...” E Bondye beni w, jenn gason. E oumenm, sè, bò isi a. Oumenm, frè, sou lòt bò sa a.” Jis sonje mwen, Seyè.”

310 Kounye a sonje, nou pap kenbe men nou ban mwen; ba Li. Tout dwat dèyè mwen, kounye a, Seyè wè men w. Menm si m rate li, Li wè li. Li konn kè w. Li konn kisa kap bat la a. Li konn objektif nou. Li konn ki motivasyon ki genyen pou objektif sa a. Bondye beni w, frè.

311 Yon lòt moun: “M vle kwè tout Pawòl lan.” Bondye beni w. Trè byen. Bondye beni w. “Ede m, Seyè, ede m.” Seyè an wè men w. Wi, mesye. Se sa. “Gen dè bagay ke m—m pa ka konprann. M—m vle yon enkwayan. Menm si m pa konprann yo, m vle kwè li, kanmenm. M pare pou m di: ‘Seyè Bondye, men mwen. M vle kwè. Ede enkredilite mwen, Seyè.’” Se pou Bondye avè nou. Bondye beni nou. Anpil, anpil men leve, epi toujou ap leve.

312 Nou di: “Frè Branham, èske sa ede?” Mete men nou anlè yon fwa, ak yon vrè, objektif dwat, epi dekouvrí kijan nou santi nou apwopo de sa.

313 Nou te temwaye ke gen yon ti bagay nan lavi nou, nou konnen. Gen yon ti bagay, nou pa vle pou l la a, men li la a, kanmenm. Nou mande tèt nou kijan sa te ka fèt. “E, Seyè, entèdi ke m ta yon Jida. Entèdi ke m ta swiv nan yon—nan yon Mesaj, jis petèt ap eseye panse ke yon jou yon ti fay ap parèt. O Bondye, pa mwen. Kite m rete dwat ak Pawòl Ou. Ou wè? Oswa petèt m tap yon enkwayan ki jis senpleman panse: ‘Ebyen, si—si...ebyen, poukisa rès nan yo pa di sa?’ Ou wè? M—m pa vle pou m tankou sa nonplis. M vle pou m yon kwayan. M vle sa.

M wè Pawòl Bondye pou lè a. M wè Bondye nan Li. E, Seyè, fè mwen fè pati de Pawòl sa a. Fè m fè pati de Li. M vle pou fè pati de Li." Seyè an beni nou.

314 Kounye a annou priye. E chak moun, priye pou—pou tèt nou, epi m pral priye pou nou. Èske nou te konnen, yon jou nou pral...nou pa pral ansanm isi a, petèt, pou on moman. Y ap pran kèk nan nou, epi nou pap ansanm. Gen anpil nan nou isi an, kote, kèk nan nan nou ap vin granmoun. Kèk nan nou, nou pa konnen. Menm jenn yo mouri. Nou mouri a nenpòt laj. Nou dwe separe, epi bagay sa dwe regle. E nou jis pa ka rive la a pa aza, nou dwe vini pandan nou nan bon lespri nou.

315 Nou di: "Ebyen, jis anvan m mouri, si m ka wè L." Non, pa fè sa. Nou te ka pa menm nan bon lespri nou lè sa a. Yo te ka touye nou anvan nou rive lakay, nan yon aksidan. Nou te ka mouri nan yon atak kè. Nou pa konn kisa k pral rive; sèlman Bondye ki kenbe sa. M pa konsyan pou sa.

316 M ap gade moun sou deyò, menm, kap kenbe men yo nan fenèt lan. Ou wè? Wi, Bondye beni.

317 "M—m vle—m vle pou m dwat. M—m—m—m vle pou m dwat." E kounye a ann fè sa dwat, kounye a, touswit. Jis, nou ka regle I pou yon fwa; si nan fon fè nou, si n ap di ak sensèrite: "Seyè Jezi, sa pa enpòtan kisa I ye, oswa sa nenpòt lòt moun di, Pawòl Ou ap premye nan vi m. M vle L nan vi m. Ou se Pawòl la. Bib lan te di sa, e m kwè ke Bib lan se Pawòl Bondye an. E m konn kredo ak dògm yo, ki te enjekte nan Li, te fè I on pakèt ipokrizi. Seyè, netwaye m nan bagay kon sa, epi kite m pou Ou an antye. M leve men m ba Ou. M leve kè m ba Ou, vwa m ba Ou, priyè m ba Ou. Bondye, gen pitye pou mwen."

318 Epi men m anlè, tou, Seyè. Netwaye m, O Seyè, nan tout enkredilite.

319 Menm si Li ka pa ban mwen Pwisans lan—lan pou mache tankou Enòk epi pa gen pou mouri, men jis pran yon mach apremidi epi al Lakay avè L; men, Bondye, mwen kwè ke sa pral rive, paske m konnen dwe gen yon Anlèvman nan dènye jou an, epi travay la dwe koupe kout.

320 E, Papa, se sa kalandriye nou di, trannsis lane an plis epi travay lan ap fini, e W ap gen pou vini yon lè anndan sa oswa pap gen okenn chè ki sove. Epi yo te di nou, pa kwonolojis yo ak—ak moun ki kap chèche bagay konsa, ke nou avanse nèt de anpil, anpil lane de sa, anpil lane rive jouk la a; di nou, pa kalandriye yo, ke nou ale nèt pi lwen pase sa; petèt gen sèlman kenz oswa ven lane apre. M pa konnen, Papa. Men m konnen, menm selon kalandriye nou, nou prèske la a.

321 M wè kote pa ka gen okenn espwa ki rete, Seyè. Gen kap vini yon...Si yo janm kòmanse lage bonm sa yo youn sou lòt, Seyè, gen—gen—pap gen okenn chan batay. Y ap, y ap detwi youn lòt. Epi, Seyè, li pandye la a, epi poutan Bib lan di tout syèl ak latè ap pran dife. Bondye, m wè lè an ap parèt.

322 M panse a asasina Prezidan an, epi w lòt nonm mechan sa a antre, san I pa kite nomm lan genyen yon pwosè, epi tire I, nan yon asasina san frèt. O Bondye, youn koupab otan ke lòt lan. Yo pa gen dwa fè sa. Mal nan pwòp nasyon nou, te sipoze yon nasyon Kretyen, ala yon pòv egzanp nou genyen, Seyè, de Kretyen. Padone nou, Seyè, de peche nou yo.

323 Ede nou, O Bondye, espesyalman Legliz Ou, sila yo ki batize nan Kò mistik Kris sa a. Ke: "Se Lespri an ki vivifye," Ou te di. E menm jan Fis de lòm lan te monte, se konsa Kò Li va monte. E Li se Tèt lan; Legliz Li se Kò an. O Bondye, se Tèt lan ki gide Kò an. Kite Tèt an Chèf Pawòl lan gide Kò Kris lan. E ke m fè pati de Kò sa a, Seyè.

324 M priye pou sila yo ki leve men yo, epi tout sa ki prezan epi tout sa ki sou kasèt yo. Seyè Bondye, m priye ak sensèrite. Fè yo antre, Seyè. Ou gade kè yo. Ou konnen kisa yo ye. Men, antan ke sèvitè W, mwen—mwen entèsede pou moun yo, Seyè. M—m renmen yo. M renmen yo.

325 E m—m—m sèlman ap eseye fè sa paske m te santi komisyon W lan se pou mwen fè I. Kidonk, Papa, men mwen, ap fè tout posib mwen ak...Padone erè fèb mwen yo, Seyè. M priye ke W ap—W ap akòde m fòs, konsa m ap kapab fè I pi klè pou moun yo.

326 Kounye a se pou w avè nou isi an nan tabènak lan, aswè an. Gad anba sou sila yo, Seyè, sa yo ki te leve men yo nan tabènak la. Fouye m, O Seyè, epi epwouve m. E si gen nenpòt move bagay nan mwen, netwaye m, Papa. Akòde I. Netwaye legliz sa a.

327 Netwaye nou tout, Seyè, konsa Pawòl la ap vin fèt chè nan mitan nou epi pou fè konnen L pa mond lan nan jou sa a. Akòde I, Papa. Paske, m remèt sa, ak tèt mwen, ak tèks sa a, epi ak oditwa sa a, epi ak Pawòl Ou ak pwomès Ou, pou sali nanm nou yo, nan Non Jezikri. Akòde I, Seyè.

328 Ke Pwisans Bondye a vin sou nou epi wenn nou, ale nèt nèt depi pastè an jouk nan konsyèj lan, ak tout moun ki prezan. Ke Sentespri an vini epi pran plas Li nan kè nou, epi pran chak pwomès Bondye epi revele nou ke Pawòl Ou se Verite. Nan Non Jezi mwen priye.

329 E pandan nou gen tèt nou koube. "M ka..." Jis vle òganis lan, si li vle, pou ban nou yon akò sou chante sa a: "M ka tande Sovè m lan kap rele. Kote Li kondwi mwen m ap swiv." *Kote L Kondwi Mwen M Ap Swiv.*

...Sovè m rele, (Kisa Li ye? Pawòl lan!)

M ka tande Sovè m kap rele,

M ka tande Sovè m, (kounye a renye dògm nou ak bagay nou)

Pran kwa ou epi swi...

330 "Sila ki pap pran kwa li epi swiv Mwen, Pawòl lan, li pa diy pou l disip Mwen."

Kote Li kondwi (tounen nan Bib lan, kote L ap kondwi nou)...ap swiv,

Kote Li kondwi mwen m ap swiv,

Kote Li kondwi mwen m ap swiv,

M ap...(Si se nan pisin lan, nan Non Li; si se nan lotèl lan, pou debarase de lawont mwen!)...ale nèt.

331 [Frè Branham kòmanse ap fredone *Kote Li Kondwi Mwen M Ap Swiv*—Editè a.]

...Limenm atravè jijman yo, (Se sa, kounye a menm.)

M ap...

332 Sou ki bò ou ye? Kisa w wè nan reflè ou nan Bib lan, nan miwa Bondye pou gade, si m ap jije kounye a pa Pawòl lan?

M pral avèk...

333 "Ma prale ak Pawòl lan, sa pa enpòtan kisa sa koute. M prale atravè jijman Bondye yo. Si mwen dwe pran youn nan plas yo, fè m yon kwayan, desann dwat nan Pawòl lan."

...avè L, avè L ale nèt.

Paske kote Li kondwi mwen m...

334 Kounye a reflechi ankò sou sa, vrèman byen kounye a. "Li kondwi..."